PUPUH V: DURMA (11a, 7i, 6a, 7a, 8i, 5a, 7i)

No.	Alih Aksara	Terjemahan
1.	Arya Jipang kondur pan sampun prapta[1], anulya animbali, Lurah Kajinĕman, Dhangdhang Wiring namanya, kalawan pun Rangkud iki, Sang Arya nabda, karo padha sun tuding,	Arya Jipang pulang, lalu sudah sampai kemudian memanggil Lurah Kajineman, Dhandhang Wiring namanya bersama dengan Rangkud Sang Arya berkata “Kalian berdua saya utus
2.	Dhangdhang Wiring sira maranga ing Pajang, ya si Rangkud[2] sireki, maringa Prawata, padha dadiya dhustha, karo ku cidranĕn iki, poma denkĕna, aja na ngapirani,	“Dhangdhang Wiring, engkau pergilah ke Pajang. ya engkau Rangkud harus pergi menuju Sunan Prawata, kalian jadilah maling dan celakailah. Jika tertangkap jangan sampai mengecewakan.”
3.	Dhangdhang Wiring lan Rakut matur sandika, anulya denparingi, curiga kalihnya, wus lengser saking arsa, gĕgancangan lampahneki, apan dur mkaya, lampahe dhustha kalih,	Dhangdhang Wiring dan Rakut berkata sanggup lalu diberi keris keduanya. (mereka) telah undur diri dari hadapan (Arya Jipang). Terburu-buru langkah mereka ...? langkah kedua penjahat.
4.	Dhangdhang Wiring wu-(h.139)-s lumĕbĕt marang Pajang, Rangkut mring prawateki, ĕnĕngna winarna, nĕnggih Ki Agĕng Sela, tĕtuwi mring putraneki, dhumatĕng Pajang, kapirsa mring Sang Aji,	Dhangdhang Wiring telah memasuki Pajang Rangkut menuju Sunan Prawata. Dihentikan (yang) diceritakan. Adapun Ki Ageng Sela menjenguk putranya menuju Pajang diketahui oleh Sang Aji.

[1] Kurang satu suku kata
[2] Sesuai konteks dibaca: *rangkud*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
5.	Kyai Agěng mapan lajěng tinimbalan, dhumatěng sri bopati, mring pěněpen prapta, pan sampun jawat asta, tan wontěn ingkang ginalih, lawan kang raka, nging tatane agami,	Kyai Ageng lalu dipanggil oleh raja menuju *penepen*, sampai (*penepen*) (mereka) lalu berjabat tangan. Tidak ada yang dirasakan pada sang kakak. Sesuai tatanan agama
6.	Lajěng manjing wěktu mahrib salat samya, Ki Agěng kang ngimani, lajěng salat ngisa, bakda sampunnya dhahar, Ki Agěng apamit mijil, Jěng Sultan něbda, kakang ja sira mijil,	lalu masuk waktu maghrib, semua salat Ki Ageng yang menjadi imam, dilanjut salat isya. Setelah selesai makan Ki Ageng pamit keluar, Kanjeng Sultan bersabda “Kakanda, janganlah keluar
7.	Anginěpa ing kene sawěngi kakang, tan lěnggana karsa ji, wus kondur nalendra, lajěng mring pasareyan, wayahira těngah wěngi, ingkang winarna, duta ing Jipang prapti,	Menginaplah di sini satu malam, Kanda” Tidak menolak keinginan sang aji. Sang raja telah pulang lalu menuju tempat istirahat. Ketika tengah malam yang diceritakan duta dari Jipang telah tiba
8.	Pělataran sigra masang sirěpira, pan wus katrima iki, sědaya pan nendra, sidhěm kayon pan samya, tan ana kang walang (h.140) sisig, sri naranata, mapan kěpati guling,	di pelataran. Ia segera memasang *sirep*[3] (*Sirep*) sudah mengenai sasaran, semua lalu tertidur. Sangat hening. Semua tidak ada yang bersuara. Sang raja sangat terlelap.
9.	Prameswari sare aneng daganira, Dhangdhang Wiring wus manjing, marang prabayěksa,	Permaisuri tidur di tempat tidurnya. Dhangdhang Wiring sudah masuk menuju Prabayeksa[4].

[3] Mantra untuk membuat tidur orang

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	pan sarwi ngungak-ungak, sampun wĕspada ningali, panggenanira, sare sri narapati,	Dengan menengok sekeliling, melihat dengan waspada tempat tidurnya sang raja.
10.	Dhangdhang Wiring lajĕng anarik curiga, ginoco sri bupati, mĕksih eca nendra, mujung sri naranata, lir lalĕr mencok upami, pan kampuhira, sang nata datan titih,	Dhangdhang Wiring lalu menarik keris ditusukkan (ke) sang raja yang masih tidur nyenyak. Sang raja tidur telentang. Bagaikan lalat (yang) hinggap, di kampuhnya, Sang raja tidak merasakan (tusukan itu).
11.	Kawarnaa wau ta Ki Agĕng Sela, kang neng panĕpen iki, tan eca tyasira, dene sidhĕp sĕdaya, tan ana kang walang sisik, Ki Agĕng nulya, miyos nganglang wus prapti,	Diceritakan tentang Ki Ageng Sela yang saat ini berada di *panepen*. Tidak enak hatinya karena sunyi semua tidak ada yang bersuara. Ki Ageng kemudian keluar (dan) berkeliling, lalu sampai
12.	Pĕlataran jumĕnĕng Ki Agĕng Sela, Dhangdhang Wiring winarni, pan kaku tyasira, tan pasah curiganya, lan kasĕlak siyang iki, wus bang nyang wetan, ngawud panggoconeki,	(di) pelataran Ki Ageng Sela berdiri. Diceritakan Dhangdhang Wiring keras hatinya karena kerisnya tidak mempan. Padahal keburu siang ini, (langit) sudah memerah di sisi timur. (Lalu) asal-asalan dia menusuk,
13.	Dadya kenging wau kang kĕndhi pratula, (h.141) neng keringnya sang aji, mancur ingkang toya, Jĕng Ratu kagyat nulya, mapan kacipratan warih, wungu anulya, ningali jalma mijil,	malah mengenai kendi kaca (yang) berada di sisi kiri sang raja. Mengalir air (kendi) Kanjeng Ratu lalu terkejut karena terciprat air sehingga terbangun. (Kanjeng Ratu) melihat orang keluar

[4] Bangunan utama keraton.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
14.	Nganggar dhuwung mĕdal saking pasareyan, Jĕng Ratu nulya anjrit, nungkĕmi kang raka, tinarka kenging cidra, Jĕng Sultan kagyatannya ris, lah ana apa, dene sira anangis,	*nganggar*[5] keris keluar dari tempat tidur Kanjeng Ratu lalu menjerit (lalu) menyembah pada kakandanya. Dikira mendapat penghianatan. Kanjeng Sultan terkejut, perlahan (berkata) “Lah, ada apa? kenapa kamu menangis?”
15.	Kangjĕng Ratu umatur pan wontĕn dhustha, nyidra mring padukaji, mangkya sampun mĕdal, sarta ngliga dhuwungnya, Sang Nata mesĕm gya mijil, lan prameswara, kang wong sĕdaya tangi,	Kanjeng Ratu berkata bahwa ada maling Berbuat jahat kepada paduka raja (namun) sekarang sudah keluar dengan *ngliga*[6] kerisnya. Sang raja tersenyum (dan) segera keluar beserta permaisuri. Semua orang terbangun
16.	Lajĕng samya lok pandung gumuruh samya, mĕngkana kang winarni, Kyai Agĕng Sela, kang aneng pĕlataran, sampun kaduga tyasneki, yen wontĕn dhustha, nulya non jalma mijil,	lalu semua berteriak bergemuruh “maling”. Demikian yang diceritakan Kyai Ageng Sela yang berada di pelataran sudah menduga di dalam hati jika ada maling. Lalu melihat (ada) orang keluar
17.	Lawan mĕksih angliga kang dhuwungika, anulya dencĕgati, Kyai Agĕng aris atanya[7], sira iki wong apa, Dhangdhang (h.142) tan aturi[8], nulya nĕrajang, apan sar yya nyuduki,	dengan masih membawa kerisnya. Kemudian dihadangnya, Kyai Ageng pelan bertanya “Engkau ini siapa?” Dhangdhang tidak menjawab, lalu menyerang (Ki Ageng) (Ki Ageng) kaget karena ditusuk keris,
18.	Tanganira kalih mring Ki Agĕng Sela,	kedua tangannya (ditahan) oleh Ki Ageng

[5] Membawa keris pada anggar. Anggar/anggaran adalah tempat keris atau pedang.
[6] Membawa keris tanpa warangkanya
[7] Lebih tiga suku kata
[8] Kurang dua suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kawarnaa sang aji, miyos sampun prapta, pělataran punika, kalawan kang garwa iki, lawan parěkan, wong kěmit pan wus tangi,	Sela. Diceritakanlah sang raja, (yang) keluar telah sampai di pelataran itu bersama istrinya dan *parekan*[9]. Para penjaga pun terbangun.
19.	Kanjeng Sultan tumingal mring duratmaka, yen wus cěněpěng iki, dhumatěng kang raka, něnggih Ki Agěng Sela, nulya tata lenggah sami, Nata ngandika, sira maling wong ngěndi,	Kanjeng Sultan terlihat bersama maling yang sudah ditangkap. Kepada kakaknya yaitu Ki Agěng Sela kemudian semua duduk. Sang raja berkata, "Maling, engkau orang mana?"
20.	Dhangdhang Wiring umatur tiyang ing Jipang, ingutus nyidra gusti, dhumatěng paduka, mesěm sri naranata, alon angandika aris, ing měngko sira, apa karěpireki,	Dhangdhang Wiring berkata orang dari Jipang diutus untuk melukai gusti, untuk Paduka Raja. Raja tersenyum. Berkata dengan pelan, "Pada saat ini apa yang engkau inginkan?"
21.	Dhangdhang Wiring umatur abdi sumangga, pějah gěsang nrěpati, mesěm sri nalendra, mapan aris ngandika, kakang paran karseki,[10]	Dhangdhang Wiring berkata "Hamba pasrah hidup mati (di tangan) raja". Tersenyum sang raja lalu berkata pelan, "Kakanda, apa (yang) kau inginkan?
22.	Mapan sira kang oleh maling ku iya, Ki Agěng matur aris, kawula sumang-(h.143)-ga, mangsa borong nalendra, Kangjěng Sultan ngandika ris,	karena engkau yang menangkap maling ini". Ki Ageng berkata pelan, "Hamba memasrahkan, sesuai keputusan Paduka." Kanjeng Sultan berkata pelan,

[9] Seseorang yang bertugas sebagai abdi/dayang
[10] Jumlah larik pada bait kurang

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	lamun sĕmbada, sun luwari si maling,	“(Namun) apabila boleh, saya membebaskan si maling”.
23.	Iya kakang dĕrapon awa wĕrtaa, marang kang kongkon iki, Ki Agĕng aturnya, langkung jumurung karsa, mapan nulya denluwari, lan pinaringan, arta myang busaneki,	“Iya kakanda, supaya memberitakan pada yang menyuruh (si maling) ini”. Ki Ageng berkata (bahwa) mendukung keinginan (raja). Kemudian (maling) dibebaskan dan diberikan uang serta pakaian.
24.	Dhangdhang Wiring nulya kinen mantuk ika, nĕmbah lengser sing arsi, Kyai Agĕng Sela, nuwun pamit mring narpa, kondur dhumatĕng Sela ki, sampun linilan, mĕngkana kang winarni,	Dhangdhang Wiring lalu disuruh pulang, pamit undur diri. Kyai Ageng Sela memohon pamit pada sang raja pulang menuju Sela diizinkan oleh (sang raja). Demikian yang diceritakan,
25.	Ing Prawata Kangjĕng Sunan mawas lagya, anandhang gĕrah iki, langkung sangĕtira, mapan sring supenira, kulawarga pĕpak sami, aneng Prawata, mĕngkana kang winarni,	di Prawata Kanjeng Sunan sedang mengawasi (ada) yang sedang kesakitan, (yang) sangat (menderita)...? sungguh sering lupa...?(‘sering’/‘miring’). Keluarga sudah lengkap di Prawata. Demikian yang diceritakan
26.	Duta Jipang pun Rangkut sampun pra-(h.144)-pta[11], ing Prawata puniki, wus neng pĕkarangan, gya masang sirĕpira, wayahira tĕngah wĕngi, sampun katrima, tan ana walang sisik,	Duta Jipang bernama Rangkud sudah tiba di gunung itu. Sudah di pekarangan segera ia memasang *sirep*. Ketika waktu tengah malam, sudah terterima (*sirep* itu), tidak ada yang bersuara.

[11] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
27.	Nging Jĕng Sunan mapan datan arsa nendra sinundhang mring kang rayi pan pongah-pangihan Jĕng Ratu rip kalintang nundhang mring kang raka iki kĕlangkung sayah dadya supe aguling,	Namun, Kanjeng Sunan tidak bisa tidur. Pikirannya dipenuhi tentang adiknya. Bergerak terus tidak bisa tidur. Kanjeng Ratu sangat mengantuk, (sambil) memikirkan kakaknya. (Karena) terlalu lelah menjadi lupa (dan) tertidur.
28.	Rangkut manjing ing dalĕm sarwi murangkang, Jĕng Sunan nyapa aris, iku ta wong apa, murang kang ngilo diyan, kagyat pun Rangkud tyasneki apundirangan, langkung kewran tyasneki,	Rangkud masuk rumah dengan merangkak. Sunan bertanya pelan, "Itu siapa?" Merangkak bercermin dian Rangkud terkejut hatinya, matanya jelalatan sangat bingung perasaannya.
29.	Pan mĕngkana pun Rangkud osiking nala, yen tan ngaku sun iki, pĕsthi lamun pĕjah, angur baya ngakua, ingsun lumayu mring ngĕndi, pasthi kĕcandhak. nulya umatur aris,	Demikian perasaan hati Rangkud, Jika aku tidak mengaku pasti akan mati. Lebih baik mengaku saja, Aku lari kemana pun Pasti tertangkap. Lalu (Rangkud) berkata pelan,
30.	Pan kawula sutane rayi paduka, Arya Jipang puniki, mapan kinen nyidra, inggih dhatĕng paduka, Jĕng Sunan mesĕm nabda ris, lah Rangkut mara, tĕkakna karsa-(h.145)-neki,	"Hamba anak adik paduka, yaitu Arya Jipang. (Hamba) diutus melukai kepada paduka". Kanjeng Sunan tersenyum (dan) berkata "Hai, Rangkut. Sampaikan keinginannya.
31.	Nanging poma sira aja salah karya, ri ningsun lagya guling, bangĕt aripira, nĕmbah pun Rangkut nulya,	Namun engkau jangan (sampai) keliru dalam bertindak. Adikku sedang tidur, (ia) sangat mengantuk.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	narik curiganya aglis, nulya nĕrajang, Kangjĕng Sunan wus kanin,	Rangkud lalu menyembah. Segera menarik kerisnya kemudian menusuk (Kanjeng Sunan). Kanjeng Sunan sudah terluka,
32.	Jajanira watgata tĕrus walikat, mĕngkana kang winarni, Kangjĕng Ratu milya, kanin jaja katratas, mijil ludiraneki, kĕlawan mulat, yen kang raka ngĕmasi,	dadanya terluka tertembus keris. Demikian yang diceritakan. Kanjeng Ratu ikut terluka menganga di dada keluar darahnya. Ketika menyaksikan kakandanya meninggal,
33.	Mapan langkung pan jĕritira Sang Rĕtna, mangkana kang winarni, Jĕng Sunan Prawata, mapan wungu sadhela, lawan asru denira ngling, eh Rangkut sira, ngĕlirkĕn wĕkas mami,	menjerit sangat kencang sang ratu. Demikianlah yang diceritakan, Kanjeng Sunan (di) Prawata tersadar sebentar, (lalu) dengan keras dirinya berkata "Hei, kau Rangkut! (yang) mengakhiri hidupku".
34.	Kyai Bĕthokginaga pan sampun kapanggya, sinawatakĕn nuli, mring pun Rangkut ika, kasrempet sĕkar kacang, niba pun Rangkut ngĕmasi, Sunan Prawata, lajĕng mring alam suci,	Kyai Bethokginaga sudah ketemu, lalu dilemparkan pada Rangkud itu terserempet *sekar kacang*[12] Rangkud jatuh (lalu) meninggal. Sunan Prawata lalu wafat.
35.	Kangjĕng Ratu nungkĕmi ingkang kunarpa, langkung pamularneki, datan kenging bĕnggang, lan layonnya Jĕng Sunan, kulawangsa kaget sami, lajĕng karuna, (h.146) gumuruh swaraning tangis,	Kanjeng Ratu menyembah jenazah (Sunan Prawata). Sangat kuat tangisnya tidak bisa dihentikan. Jenazah Kanjeng Sunan membuat kaget seluruh warga. (seluruh warga) lalu menangis, (sampai) bergemuruh suara tangisan.

[12] *Sekar kacang*: nama bagian keris

No.	Alih Aksara	Terjemahan
36.	Bangkenira pun Rangkud cinacah-cacah, ana ingkang jějuwing, Jěng Ratu winarna, mapan emut sěkala, mupus mring těkdir Yyang Widi, nulya ngandika, mring kang sěntana sami,	Bangkai Rangkud dipotong-potong, adapula yang menyuwir. Diceritakanlah Kanjeng Ratu mendadak teringat sesuatu, pasrah kepada takdir Hyang Widi lalu berkata kepada seluruh *sentana*
37.	Samya kinen ngrumati ingkang kunarpa, riwus ngandika malih, sakeh sanaking wang, ingsun lah sěksenana, mapan iya nora tapih, kělamun nora, iyaa tapih kulit,	mengutus semuanya agar mengurus mayat. Lalu berkata lagi, “Saudaraku semua jadilah saksiku. (Aku) tidak akan berkain, kecuali hanya berkain kulit,
38.	iya marang kulite si Arya Jipang, lan ngaturana uning, marang Sultan Pajang, kang tinuding turira, sandika nulya lumaris, Jěng Ratu tandiya, tědhak mring sěndhang nuli,	kulitnya si Arya Jipang. Dan beritahukanlah kepada Sultan Pajang”. Yang ditunjuk menyampaikan bersedia lalu pergi. Kemudian Kanjeng Ratu turun menuju sendang.
39.	Pasiraman kang raka ing kuna, lukar pinjungireki, lan mudhar kang rema, wus ambyur marang toya, rahina wěngi anangis, marang Yyang Sukma, těnapi mring Jěng Nabi,	Tempat pemandian kakandanya dahulu. (Kanjeng Ratu) melepaskan kainnya dan mengudari rambutnya. Sudah menyatu dengan air Siang malam menangis kepada Hyang Suksma dan juga kepada Kanjeng Nabi.
40.	Kangjěng Ratu Kalinyamat wuk sěmara, supe dhahar lan guling, langkung prihatinnya, kang tinědha mring Sukma, muga ana kang nandhingi,	Kanjeng Ratu Kalinyamat sangat sedih (sampai) lupa makan dan tidur. Ia sangat prihatin yang dimohon pada Hyang Suksma semoga ada yang menandingi

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mring Arya Jipang, nadar ing(h.147)-sun ngengeri,	Arya Jipang “janjiku menyertai”.
41.	Ĕnĕngna kang lagya agung sungkawa, Arya Jipang winarni, pan lagya sineba, pĕpak kang pra dipatya, Bang Wetan sĕdaya nangkil, mring Arya Jipang, ingkang tansah tinara,	Didiamkan yang sedang berduka. Diceritakanlah Arya Jipang yang sedang dihadap lengkap para adipati Bang Wetan semua menghadap pada Arya Jipang yang selalu unggul.
42.	Aneng arsa Tumĕnggung Mĕtaunika, datan pantara iki, Dhangdhang Wiring prapta, mapan sarwi karuna, tur tiwas dinuta gusti, Arya Pĕnangsang, langkung bramatyaneki,	Di hadapan Tumenggung Metaun tidak berapa lama Dhangdhang Wiring tiba datang dengan menangis (Rangkud) terbunuh karena menjadi duta gusti Arya Penangsang sangat marah.
43.	Jaja bang lir pendah mĕdal dahana[13], kumĕdut ingkang lathi, datan arsa tanya, mring tingkahnya dinuta, nulya kinen amĕjahi, sampun tumandang, sagunge pra dipati,	Dadanya merah seperti mengeluarkan api berkedut bibirnya tidak ingin bertanya. Karena yang dilakukan duta (Jipang) lalu berhasrat untuk membunuh. Sudah bergerak para adipati.
44.	Dhangdhang Wiring mangkana sampun palastra, Arya Jipang sru angling, lah padha dandana, sakehe wong bang wetan, bapa Mĕntau denaglis, sira dandana, ingsun arsa nindaki,	Demikian Dhangdhang Wiring telah mati. Arya Jipang berbicara dengan keras, “Segeralah semua berdandan, semua orang Bang Wetan. Bapa Mentaun segeralah engkau bersiap, aku ingin pergi

[13] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
45.	Marang Pajang angaduwa kasudiran, lan si Kĕrebet mami, Ki Mĕntaun turnya, mapan sarwi karuna, adhuh gustiku sang pĕkik, (h.148) nadyan wuwuha, mĕngsah ing Pajang ugi,	menuju Pajang beradu kesaktian dengan si Karebet.” Ki Mentaun berucap sambil menangis, “Aduh gusti sang rupawan, meskipun bertambah mungsuh Pajang juga,
46.	Dereng ulap abdi dalĕm ingkang wetan, sĕdaya purun sami, nanging densabarna, kajĕngipun sumĕkta, dados boten nguciwani, sang Arya Jipang, wus dhahar atur neki,	tidak takut (hamba), abdi dalem dari timur, semua bersedia. Namun bersabarlah (sebentar) Agar semua siap (dahulu), jadi tidak (akan) mengecewakan”. Sang Arya Jipang telah mendengar perkataan Mentaun.
47.	Angandika keh ta bapa poma-poma, iya den ngati-ati, sakeh wong Bang Wetan, yen wus padha sumĕkta, ingsun arsa mangun jurit, marang Pajang, sandika atur neki,	Bapa (Mentaun) memberi banyak nasihat, agar berhati-hati semua orang bagian timur. “Jika sudah siap semua Aku akan menyiapkan prajurit Menuju Pajang”, ia mengatakan bersedia.
48.	Wus luwaran sang Arya gennya sineba, ĕnĕngna kang winarni, Kangjĕng Sultan Pajang, mapan lagya sineba, pĕpak sagung pra dipati, kang munggeng arsa, Raden Mancanagari,	Sudah bubar sang Arya dihadap Mentaun. Didiamkan yang diceritakan, Kanjeng Sultan Pajang yang sedang dihadap lengkap segenap para adipati yang berada di hadapan, Raden Mancanagara
49.	Raden Arya Ngabehi saloring pasar, Jajar Pangran Bĕnawi, Jĕng Sultan ngandika, marang Kyana Patya[14],	Raden Arya Ngabehi Loring Pasar Jajar Pangeran Benawa. Kanjeng Sultan berkata, kepada Raden Patih

[14] Wilangan kurang

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	eh sira Mancanĕgari, padha denyitna, mĕnawa anĕkani,	"Hei, engkau Mancanagara, semua berhati-hatilah apabila mendatangi
50.	Mungsuh Jipang denpatih matur sandika, datan pantara prapti, duta(h.149)-ning Prawata, sarwi tawan karuna, kagyat Jĕng Sultan tingali, ingawe nulya, majĕng arsa wotsari,	mungsuh Jipang", Raden Patih menjawab "iya". Tidak berselang lama duta dari Prawata berlari sambil menangis. Kanjeng Sultan kaget (lalu) melihat lalu dipanggil maju dan menyembah.
51.	Lajĕng matur pukulun abdi paduka, rakanta atur uni, Jĕng Sunan Prawata, mangkya sampun pralena, marga cinidra sayĕkti, mring duta Jipang, pun Rangkut wĕstaneki,	Kemudian berkata, "hamba abdi paduka, memberi kabar tentang kakanda paduka (yaitu) Kanjeng Sunan Prawata saat ini telah wafat karena dilukai oleh duta Jipang yang bernama Rangkud.
52.	Sampun katur saneskarane sadaya, Jĕng Sultan tan kĕna ngling, pan tigang pandurat, nulya aris ngandika, Mancanĕgari sireki, denbĕcik sira, lawan kang pra dipati,	Sudah disampaikan semuanya, Kanjeng Sultan tidak bisa berkata. (Setelah) tiga kedipan lalu berbicara dengan halus, "Engkau Mancanagara, lebih baik engkau bersama para adipati,
53.	Mapan ingsun ayun tilik ming Prawata, kabeh denyitna kari, nanging kulupira, Ngabehi kang sun gawa, sandika aturnya sami, nulya luwaran, kondur mring Kĕnya Puri,	bersamaku menjenguk ke Prawata. Semua jangan sampai (ada yang) tertinggal. Namun engkau, Nak, Ngabehi yang aku ajak." Semua mengucapkan bersedia kemudian bubar kembali menuju Kenya Puri.
54.	Kangjĕng Sultan sampun angrasuk busana,	Kanjeng Sultan telah berganti busana

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	lawan Raden Ngabehi, angampil pĕgantenan[15], gamĕlan punakawan, kang kalilan dherek sami, akĕkapalan, tan adharat sawiji,	bersama Raden Ngabehi membawa *pegantenan*[16]. Para abdi *gamel*[17] yang diizinkan ikut serta menaiki kuda tidak ada satupun yang berjalan kaki.
55.	(h.150) Nulya mangkat gĕgancangan lampahira, datan kawarna margi, wus prapta Prawata, nging Jĕng Ratu tan ana, lagya sangĕt anru[18] brangti, aneng ing sĕndhang, lukar datanpa tapih,	Lalu berangkat dengan terburu-buru langkahnya. Tidak diceritakan (dalam) perjalanan. Sudah sampai di Prawata namun Kanjeng Ratu tidak ada. (Ia) sedang meratapi kesedihan mendalam berada di sendang lepas, tidak berkain.
56.	Kangjĕng Sultan nulya nusul dhatĕng sĕndhang, nging lawan den ngabehi, sĕdaya tinilar, kantun aneng pasoan, prapta sangandhap kumuning, lajĕng tumulya, lamun kang rayi prapti,	Kanjeng Sultan lalu menyusul ke sendang bersama Raden Ngabehi, namun semuanya ditinggal, tinggal di *pasowanan*. Sesampailah di bawah pohon kemuning lalu dengan segera sang adik tiba
57.	Aneng sĕndhang tan pĕgat gennya karuna, Jĕng Sultan lĕnggah nuli, aneng sangandhapnya, kĕmuning pinggir sĕndhang, Jĕng Ratu ngandika aris, apuranira, iya marang ing mami,	di sendang, tak berhenti olehnya menangis. Kanjeng Sultan lalu duduk Berada di bawahnya pohon kemuning di samping sendang. Kanjeng Ratu perlahan berkata, “Maafmu untuk diriku,
58.	Mapan ingsun nora bisa jĕjagongan,	karena aku tidak bisa duduk bersama.

[15] Lebih satu suku kata
[16] *Pegantenan*: tempat penginangan
[17] *Gamel*: seseorang yang bertugas merawat kuda
[18] Sesuai konteks dibaca: *asru*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	sun iki tanpa tapih, Jĕng Sultan ngandika, bokyu krana punapa, paduka datanpa tapih, Jĕng Ratu nĕbda, yayi sun wus ubanggi,	Aku tidak berkain”. Kanjeng Sultan berkata, “Ayunda, karena apa paduka tidak berkain?”. Kanjeng Ratu berkata, “*Yayi*[19], aku sudah bersumpah
59.	Nora tapih lamun ora ana ingkang, iya ingkang nyaguhi, marang patenira, iya si Arya Jipang, lan ubaya sun ngengeri, mesĕm Jĕng Sultan, sarya ngandika ris,	tidak berkain jika tidak ada yang menyanggupi membunuh si Arya Jipang. Sumpah ini aku ikuti”. Kanjeng Sultan tersenyum serta berbicara dengan pelan ,
60.	Bokyu ratu prayugi andika sinjang, kawula kang luwari, dene pĕjahira, nĕnggih pun Arya Jipang, kawula ingkang nyagahi, Jĕng Ratu nulya, anurut mring kang rayi,	“Ayunda ratu, lebih baik paduka berbusana, hamba yang akan menyelesaikan (sumpah). Tentang matinya Arya Jipang, hamba yang akan bersedia (membunuhnya). Kanjeng Ratu lalu menuruti adiknya.
61.	Sampun sinjang Kangjĕng Ratu Kalinyamat, lĕnggahan lan kang rayi, Jĕng Sultan tumingal, wontĕn lare satunggal, wĕrnanya ayu linuwih, nging wayahira, lagya mur sangang warsi,	Sudah berkain Kanjeng Ratu Kalinyamat, duduk bersama sang adik. Kanjeng Sultan melihat ada seorang anak parasnya sangat cantik, namun saatnya sedang berumur sembilan tahun
62.	Angladosi mring Jĕng Ratu Kalinyamat, Jĕng Sultan atanya ris, pawestri punika, kangbok sintĕn kang putra, Jĕng Ratu mesĕm nabda ris,	melayani Kanjeng Ratu Kalinyamat. Kanjeng Sultan bertanya pelan, “Perempuan itu anak siapa, Yunda?”. Kanjeng Ratu tersenyum lalu berkata pelan

[19] Sebutan untuk saudara yang lebih muda (=adik).

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	ya kakangira, swargi ingkang dĕrbeni,	“Ya mendiang kakandamu yang memiliki”.
63.	Sasĕngkĕran kala maksih cilik ika, mapan iku den-anti, mesĕm Kangjĕng Sultan, yen marĕngi punika, kawula suwun pa(h.152)-westri, minangka opah, pĕjah pun Jipang iki,	Ketika masih kecil dipingit, yang kala itu dinantikan. Kanjeng Sultan tersenyum “Jika diperbolehkan ku mohon anak perempuan itu sebagai upah untuk membunuh Arya Jipang”.
64.	Kangjĕng Ratu mesĕm aris angandika, iya sokur sun adhi, ana ingkang gawa, marang rareku iya, kĕlamun ingsun ningali, mring warnanira, mundhak eling ingkang swargi[20],	Kanjeng Ratu tersenyum (dan) berkata “Iya syukur adikku, ada yang membawa anakku ini. Ketika aku melihat pada parasnya selalu teringat dengan mendiang (Kanjeng Sunan).
65.	Dadya parĕng kĕlawan bĕkjane padha, Jĕng Sultan sigra pamit, kondur marang Pajang, datan kawarna neng marga[21], Jĕng Sultan ing Pajang prapti, manjing jro pura, enjing miyos tinangkil,	Sehingga diizinkan karena sama-sama menguntungkan. Kanjeng Sultan segera pamit pulang menuju Pajang. Tidak diceritakan dalam perjalanannya, Kanjeng Sultan sampai di Pajang (lalu) masuk ke dalam pura. Pagi hari, keluar dihadap
66.	Pĕpak sagung punggawa Pajang kang seba, kang munggeng arsa aji, Adipati Manca, sri nalendra ngandika, kakang undhangnai[22] iki, sapa kang bisa, mateni satru mami,	(oleh) semua punggawa Pajang yang menghadap. Yang berada di hadapan sang Raja, Adipati Mancanagara. Sang raja berkata, “Kakanda, panggilkanlah siapa yang bisa

[20] Lebih satu suku kata
[21] Lebih satu suku kata
[22] Sesuai konteks dibaca: *undangna*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
		membunuh musuhku.
67.	Ingsun ganjar kakang nagri Mětaram[23], iya lawan ing Pathi, sapa kang kaduga, mungsuh Arya Pěnangsang, wus sun gawe pasang giri, Pathi Mětaram, pasthi ingkang duweni,	Aku beri hadiah tanah Mataram, kakanda dan juga di Pati. Siapa yang berkenan melawan Arya Penangsang aku membuat sayembara (berupa) wilayah Pati (dan) Mataram yang (akan) diperoleh.
68.	(h.153) Marma kakang ingsun gawe sayumbara, lamun ingsun pribadi, kakang mangun aprang, městhi akeh kang rusak, Dipati Manca tur běkti, nuwun sandika, nulya luwar sang aji,	Maka dari itu kakanda, aku membuat sayembara. Apabila aku sendiri, yang melakukan perang, pasti banyak yang kalah. Adipati Mancanagara memberi baktinya menyanggupi. Lalu undur diri (dari) sang raja.
69.	Adipati Mancanagara dhang-undhang, iya sapa kang wani, mungsuh Arya Jipang, sagung kang pra dipatya, sireku wus wruh pribadi, timbalan nata, sědaya sami ajrih,	Adipati Mancanagara mengumumkan tentang siapa yang berani melawan Arya Jipang. “Semua para adipati kalian sudah mengetahui sendiri panggilan (dari) sang raja”. Semua tidak berani.
70.	Kang pramastri měngkana ing aturira, inggih kawula malih, kělamun puruna, měngsah lan Arya Jipang, puruna kang pra dipati, katur sang nata, dadya sungkawa aji,	Sementara para istri berkata, “Apalagi hamba, jika bersedia melawan Arya Jipang. Andai para adipati bersedia dihaturkan kepada sang raja.” Raja menjadi sedih.
71.	Ěněng-ngěna Sultan Pajang kang sungkawa,	Dihentikan (cerita tentang) Sultan Pajang yang sedang susah hati.

[23] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	gantya ingkang winarni, Kyai Agĕng Sela, pan sampun miyarsa warta, yen sang nata pasang giri, nimbali nulya, marang kang rayi kalih,	Berganti yang diceritakan, (yaitu) Kyai Ageng Sela yang sudah mengetahui kabar jika sang raja membuat sayembara, lalu memanggil kedua adiknya
72.	Ki Pĕnjawi kalawan Ki Juru ika, pan sampun prapta ngarsi, Ki Agĕng ngandika, ya-(h.154)-yi sun mirsa warta, Sultan Pajang pasang giri, sapa kang bisa, iya ingkang mateni,	Ki Penjawi dan Ki Juru, (mereka) telah tiba di hadapan. Ki Ageng berkata "*Yayi*, aku mendengar kabar Sultan Pajang mengadakan sayembara. Siapa yang bisa membunuh
73.	Arya Jipang mapan ginanjar nagara, Pathi lawan Mĕntawis, Ki Pĕnjawi aturnya, lawan Ki Juru ika, kawula sumangga ugi, punapa karsa, mapan inggih nglampahi,	Arya Jipang, akan diberi hadiah wilayah Pati dan Mataram." Ki Penjawi berkata beserta Ki Juru, "Hamba pasrah saja, apa yang diperintahkan (kami) akan jalankan".
74.	Ĕnĕngna kang lagya imbal wĕcana[24], kawarna Sunan Adi, saking alĕlasa, mampir dhumatĕng Sela, Ki Agĕng kagyat ningali, nulya tumĕdhak, ngusweng pada sang yugi,	Didiamkan cerita yang sedang berbincang. Diceritakan (tentang) Sunan Adi dari *alelasa* singgah ke Sela. Ki Ageng kaget (ketika) melihat, lalu turun mencium kaki sang Yogi.
75.	Ki Pĕnjawi lan Ki Juru gĕntya-gĕntya, riwusnya tata linggih, Jĕng Susunan ngandika, jĕbeng ingsun atanya, apa sira mirsa warti,	Ki Penjawi dan Ki Juru bergantian (memberi hormat). Setelah duduk dengan rapi Kanjeng Sunan berkata, "Nak, aku bertanya

[24] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	yen arinira, ing Pajang pasang giri,	apa engkau tahu kabar bahwa adikmu di Pajang membuat sayembara.
76.	Sapa ingkang wani marang Arya Jipang, pan ginanjar nĕgari, Pathi lan Mĕtaram, Ki Agĕng atur sĕmbah, inggih sampun mirsa warti, Jĕng Sunan nabda, paran karsa sereki,	Siapa yang berani kepada Arya Jipang akan dihadiahi negeri Pati dan Mataram". Ki Ageng menghaturkan sembah "Iya kami telah mengetahui kabar". Kanjeng Sunan berkata, "Apa yang akan kau kehendaki?"
77.	Apa sira (h.155) jĕbeng katĕlu kaduga, Ki Agĕng matur aris, nging pangestu tuwan, mesĕm Kangjĕng Susuhunan[25], nanging ta pangrasa mami, wong tĕlu sira, kaya nora kuwawi,	"Apa yang kalian bertiga perkirakan?" Ki Ageng berkata pelan, "Restu tuan". Tersenyum Kanjeng Sunan "Namun perasaanku, kalian bertiga sepertinya tidak mampu.
78.	Nanging ana jĕbeng kang dadi sarana[26], nanging anakireki, si ngĕbehi ika, kang kĕlar nadhahana, si Pĕnangsang yudaneki, sagĕndhingira, wus pinasthi Yyang Widi,	Meski demikian, ada seorang anak yang bisa menjadi sarana. Itu adalah anak si Ngabehi, yang kuat melawan si Arya Penangsang (dalam) peperangan segenap tingkahnya sudah digariskan Hyang Widi.
79.	Anakira dadi prajuriting Jawa, yen liya si ngĕbehi, nadyan denkĕriga, kabeh wong tanah Jawa, tan ana kang miyatani, mring Arya Jipang, kalawan ana maning,	Anakmu menjadi prajurit Jawa. Jika bukan si Ngabehi, meskipun banyak orang semua orang di tanah Jawa tidak ada yang dapat mengalahkan Arya Jipang. Dan lagi

[25] Lebih satu suku kata
[26] Nomor bait ke 76 pada naskah tidak ada, langsung ke nomor 77

No.	Alih Aksara	Terjemahan
80.	Sira Juru iya ingkang botohana, ing sĕparaning benjing, poma aja pisah, wis mung iku estokna, sandika katiga sami, Jĕng Sunan sigra, punapa tan kaeksi,	engkau Juru yang bertaruh. Di segenap kejadian besok jangan sampai terpisah. Ini saja lakukanlah. Ketiganya bersedia. Kanjeng Sunan segera pergi(dan) tidak terlihat.
81.	Ĕnĕngĕna ing Sela Pajang winarna, Kangjĕng Sultan prihatin, neng (h.156) panĕpenira, datan kĕna sineba, kawarnaa Sang Guru Nadi[27], anulya prapta, Jĕng Sultan atur bĕkti,	Didiamkan (yang) diSela, (sekarang) Pajang yang diceritakan. Kanjeng Sultan prihatin, di tempat menyepinya tidak bisa ditemui. Diceritakanlah Sang Guru Nadi segera tiba. Kanjeng Sultan menghaturkan bakti
82.	Ngusweng pada riwusnya tata alĕnggah[28], Jĕng Sunan ngandika ris, paran marmanira, jĕbeng prihatin sira, Jĕng Sultan matur wotsari, mangsa boronga, sumangga Jĕng sang Yogi,	Menyembah kaki kemudian duduk bersama. Kanjeng Sultan berkata pelan, “Apa sebabnya engkau prihatin” Kanjeng Sultan berkata halus, “(hamba) pasrah, terserah paduka, sang pertapa.”
83.	Sunan adi mesĕm aris angandika, iya wus wĕruh mami, kang dadya tyas sira, prĕkara si Pĕnangsang, tan ana yogane maning, kang kĕlar nangga, nadhahi jurit neki,	Sunan tersenyum dan berkata pelan “Iya, aku sudah tahu yang menjadi pikiran hatimu. Perkara si Penangsang tidak ada lagi anaknya yang kuat menyangga (dan) berperang dengannya.
84.	Nanging kakangira ya si jĕbeng Sela,	Namun kakandamu, ya si Sela”.

[27] Lebih satu suku kata
[28] Penomoran bait untuk nomor 80 ada dua

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Jěng Sultan atur běkti, langkung padhang tyasnya, Jěng Sunan nulya musna, sing arsa datan kaeksi, Jěng Sultan Pajang, nulya utusan aglis,	Kanjeng Sultan menghaturkan bakti. Lebih terang hatinya. Kanjeng Sunan lalu menghilang, Karena ingin tidak terlihat. Kanjeng Sultan Pajang lalu segera mengutus
85.	Marang Sela nimbali Ki Agěng ika, tan winarna wus prapti, Ki Agěng ing Sela, lawan kalih renira, Ki Juru lawan Pěnjawi, něgari Pajang, (h.157) wus katur mring sang aji,	menuju Sela memanggil Ki Ageng. Tidak diceritakan, (lalu) telah tiba. Ki Ageng di Sela dengan kedua putranya Ki Juru dan Ki Penjawi. Negeri Pajang sudah disampaikan pada sang raja.
86.	Nulya ngrasuk busana sri nara nata, lajěng miyos tinangkil, munggeng pagělaran, langkung padhang tyasira, praptanya kang raka iki, wadya ing Pajang, pěpěkan munggeng arsi,	Kemudian memakai busana sang raja. lalu keluar dihadap berada di pagelaran lebih terang hatinya sesampainya kakandanya. Orang-orang di Pajang memenuhi (pagelaran) berada di hadapannya.
87.	Kyai Agěng Jajar lan Dipati Manca, Ki Juru lan Pěnjawi, Jajar pra dipatya, Raden Ngabehi Jajar, lawan Pangeran Benawi, Jěng Sultan Pajang, mapan ngandika aris,	Kyai Ageng, Jajar, dan Adipati Manca Ki Juru dan Ki Penjawi Jajar dan para adipati Raden Ngabehi Jajar dan Pangeran Benawi. Kanjeng Sultan Pajang lalu berkata pelan
88.	Kakang marma ingsun animbali sira, prakara Jipang iki, yen sira kaduga, ingsun ganjar něgara, Mětaram kalawan Pathi, Ki Agěng turnya,	“Kakanda, maka dari itu aku memanggilmu perkara Jipang ini jika engkau telah menduga aku memberi hadiah negara Mataram dan Pati.” Ki Ageng menjawab “hamba abdi berdarma

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	pukulun amba dĕrmi,	
89.	Anglampahi ayahan paduka nata, nging pangestu Dewaji, mesĕm sri nalendra, yen sira wus kaduga, kakang ingsun anggawani, marang ing sira, ya wong Pajang sĕpalih,	Akan menjalankan tugas dari paduka raja” Merestui sang raja (sambil) tersenyum. “Jika engkau sudah menduga kakanda, aku yang membawa...? kepadamu juga separuh dari orang Pajang.
90.	Kyai Agĕng mapan aris aturira, pukulun pan kapundhi, pasiyan na-(h.158)-lendra, nanging yen marĕna, abdi dalĕm pun ngabehi, kawula bĕkta, sri nalendra sabda ris,	Kyai Ageng berkata pelan, “paduka yang terhormat raja yang pengasih. Namun jika boleh...? abdi dalem ngabehi hamba bawa”. Sang raja berkata pelan
91.	Paran karya anggawa ngabehi sira, pan bocah mĕksih cilik, tanggung tĕmĕn kakang, bocah kumala-kala, manawa tiwas ngajurit, sapa kelangan, Ki Agĕng matur aris,	“Apa yang membuatmu membawa ngabehi? Sebab ia masih kecil sangat tanggung kakanda. Anak *kumala-kala*[29], apabila mati dalam peperangan siapa yang kehilangan?” Ki Ageng berkata pelan
92.	Pĕjah gĕsang kawula pan botĕn gadhah, kagungan Yyang Widi, nging ecaning manah, kawula mung punika, mesĕm Jĕng Sultan nĕbda ris, lah paran sira, kulup iya ngabehi,	“Hidup dan mati hamba tidak berwenang, (semua) milik Hyang Widi. Namun, tenteramnya hati hamba hanya itu”. Tersenyum Kanjeng Sultan dan berkata pelan, “Lah, bagaimana engkau *kulup*[30] ya ngabehi?
93.	Apa melu apa nora mring si kakang,	Hendak ikut atau tidak dengan kakanda?”

[29] Anak laki-laki yang berusia antara 14-16 tahun
[30] Sebutan untuk anak laki-laki

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	tur sěmbah dyan ngabehi, sěnadyan pějaha, gěsang ayun udini[31], dhumatěng pun bapa yěkti, mesěm Jěng Sultan, iya wis sun ngamini,	Raden Ngabehi menghaturkan "meski akan mati hidupku ini kepada sang ayah sungguh". Kanjeng Sultan tersenyum, "Iya aku telah mengamini."
94.	Den ngěbehi nulya ngaběkti mring nata, pinaring pusakadi, dhuwung Ki Sěngkělat, Ki Agěng pamit sigra, tur salam dhatěng sang aji, těnapi marang, (h.159) Radyan Mancaněgari,	Raden Ngabehi segera menyembah sang raja. (dan) diberi pusaka sakti keris Ki Sengkelat. Ki Ageng segera pamit (dan) menghaturkan salam kepada sang raja. Demikian pula Raden Mancanegara,
95.	Ki Pěnjawi lan Ki Juru pan měngkana, wus lengser sing arsaji, sěkawan punika, nata luwar sineba, kawarnaa kang lumaris, agěgancangan, ing Sela sampun prapti,	Ki Penjawi dan Ki Juru. Sudah beranjak dari hadapan raja keempat orang tersebut. Sang raja keluar setelah dihadap. Diceritakan yang sedang berjalan dengan cepat telah sampai di Sela.
96.	Lajěng měpak sagung ingkang kulawarga, Tarub lan Sěkar Lampir, Sela běntar saba, Laweyan samya prapta, wus pěpak neng Sela sami, pan pimilihan, wongnya kang běcik-běcik,	Kemudian berkumpul dengan segenap keluarganya. Tarub, Sekar Lampir, Sela, Bentar, Saba, (dan) Laweyan telah tiba. Telah lengkap semua di Sela. (Dilaksanakan) pemilihan orang yang berkualitas.
97.	Nanging angsal tigangatus winětara, kang samya wani mati, pan kaduk sudira, pan kathah wirang ika, mapan wus samya pinaring,	Akan tetapi (hanya) mendapat sekitar tiga ratus (orang) yang berani mati. (Apabila) terlalu berani (maka akan) sangat malu.

[31] Guru lagu harusnya 7a

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	ingkang busana, lawan gĕgamaneki,	Telah diberikan semua pakaian dan senjatanya.
98.	Wus samĕkta sagĕgamaning ayuda, pinasrahakĕn nuli, dhumatĕng kang putra, Raden Ngabehi ika, kang kinarya senapati, Ki Juru ika, mapan kang bĕbotohi,	Telah siap persenjataan perang segera diserahkan kepada sang anak. Raden Ngabehi dijadikan sebagai senapati. Sementara Ki Juru yang menjagokan.
99.	Ki Pĕnjawi kang dadya pangirid yuda, sĕmana sampun dadi, rĕmbug ku-(h.160)-lawangsa, pusaka Tarub nulya, pinaring Raden Ngabehi, nĕnggih namanya, Ki Paleret puniki,	Ki Penjawi yang menjadi pengiring perang. Waktu itu telah jadi kesepakatan keluarga. Pusaka Tarub segera diberikan (kepada) Raden Ngabehi. Adapun namanya (adalah) Ki Pleret.
100.	Mapan iku luput wong tĕguh yuwana, nĕnggih asale dhingin, saking kidang tlĕngkas, pan sarĕng praptanira, mĕngkana Raden Ngabehi, langkung tyas sira, nulya agya kĕpanggih,	itu tidak kena (pada) orang (yang) teguh (dan) selamat. (Pusaka itu) dahulu asalnya dari *Kidang Tlengkas*[32]. Kedatangannya beserta (Arya Penangsang). Demikian Raden Ngabehi hatinya sangat (menggebu-gebu). Lalu segera bertemu
101.	Lawan Arya Pĕnangsang apa rasanya, iya wong takĕr gĕtih, dhasar wayahira, lagya kumala-kala, pinaringan pusakadi, dhatĕng kang rama, mila amber kang wani,	dengan Arya Penangsang. Bagaimana rasanya (menjadi) orang (yang) berperang habis- habisan. Memang masanya sedang remaja (dan) diberikan pusaka sakti oleh ayahnya. Maka dari itu sangat berani.

[32] Kidang Tlengkas adalah nama lain dari Jaka Tarub.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
102.	Den Ngabehi wus pinasthi mring Yang Sukma, yen prajuriting Jawi, marmanya mĕngkana, ing tyas kĕdah sudira, lawan pinaring turanggi, dhatĕng kang rama, cĕmĕng wulunireki,	Raden Ngabehi sudah dikodratkan oleh Tuhan bahwa (ia) prajuritnya (tanah) Jawa. Maka demikian dalam hati harus berani. Dan diberi kuda oleh ayahnya. (Kuda) hitam bulunya.
103.	Sun Sĕngkali nĕnggih namane punika, wruh saka rĕping jalmi, sagung kulawarga, langkung enggar tyasira, nulya abusana sami, ri sawusira, budhal sa-(h.161)-king Seleki,	Kunamai (kuda itu) yaitu Sĕngkali. Disaksikan dari hadapan (banyak) orang, (dan) seluruh keluarga sangat senang hatinya. (Semua) lalu berbusana. Setelahnya (mereka) berangkat dari Sela.
104.	Ingkang dadya pangiriding lampahira, nĕnggih Kyai Pĕnjawi, jan-jan kudanira, nama pun Endra Yĕksa, rasukan gĕdhog mantĕsi, dhĕstharnya seta, anglir Sang Yang Basuki,	(Seseorang) yang menjadi pemandu perjalannya adalah Kyai Pĕnjawi. Sungguh-sungguh kudanya bernama Endra Yĕksa. berpakaian selayaknya kuda. Ikat kepalanya (berwarna) putih bagaikan Sang Hyang Basuki.
105.	Pan wong Sela mĕngkana pĕnganggenira, sĕdaya mapan sami, lir Pĕnjawi ika, anulya sinambungan, lampahnya Jĕng Senapati, Ki Juru ika, tan tĕbih angampingi,	Demikian pakaian orang Sela. Semua telah pantas seperti Pĕnjawi. Lalu diikuti langkah (dari) sang Senapati. Ki Juru tidak jauh (dalam) mendampingi.
106.	Karĕmanya angagĕm kang sarwa krĕsna, lir Sang Yang Wisnumurti, tumurun sing swarga, pun sĕngkali tĕnaga,	Kesukaannya memakai (pakaian) serba hitam bagaikan Sang Hyang Wisnumurti (yang) turun dari surga. Tenaga (kuda) Sĕngkali

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	tuhu kĕlamun mantĕsi, prajurit Jawa, ngĕnglĕng sagung ningali,	sungguh tiada mengecewakan, prajurit Jawa semua yang melihat tergila-gila.
107.	Kyai Juru anitih kuda bĕlalak, pun Gunawan nameki, kombor lancingannya, angagĕm dhĕsthar jingga, rasukan intipyaneki, kadya Nĕrada , tuhu botoh utami,	Kyai Juru menaiki kuda melotot namanya Gunawan. Longgar celananya, memakai ikat kepala (warna) jingga. Pakaiannya sedikit terbuka seperti (Dewa) Narada. Sungguh-sungguh petaruh utama.
108.	Kyai Agĕng aneng wuri lampahira, anitih kuda putih, (h.162) nama Kuramadya, angagĕm samya seta, mapan ijĕm dhĕsthar neki, lir Sang Yang Tunggal, tumurun saking swargi,	Kyai Agĕng ada di belakang jalannya menunggangi kuda putih (ber)nama Kuramadya. Berpakaian serba putih, hijau ikat kepalanya bagaikan Sang Hyang Tunggal turun dari surga.
109.	Ginarĕbĕg pra wong sakang tuwa-tuwa, samarga samya eling, marang ing Yang Sukma, lĕstariya lampahira, ĕnĕngna ingkang lumaris, yata kawarna, Arya Jipang siniwi,	Disemarakkan para sesepuh keluarga. Setiap langkah selalu ingat Kepada Tuhan. (Semoga) selamat perjalannya. Dihentikan (cerita) yang berjalan. Dikisahkan tentang Arya Jipang (sedang) dihadap
110.	Pĕpĕk wadya pra dipati ing Bang Wetan, ingkang munggeng ing arsi, Ki Mĕntaun ika, Arya Jipang atanya, apa wus sumĕkta sami, lehira dandan, Ki Mĕntaun tur bĕkti,	lengkap para tentara, adipati dari bagian timur. Adapun yang berada di depan adalah Ki Mĕntaun. Arya Jipang bertanya, “Apa semua telah siap dalam bersiap-siap?” Ki Mĕntaun menghaturkan bakti,
111.	Inggih sampun gusti didalĕm sĕdaya,	“Sudah, Tuan. Semua abdi istana

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	samangsa-mangsaneki, pan sampun suměkta, Arya Jipang ngandika, ya bapa aruntan[33] ana dhingin, nanging den yitna, ing sasi ngarěp iki,	di setiap waktunya telah bersiap diri." Arya Jipang berkata, "Baik, bapa. Tunggu terlebih dahulu. Tetapi bersiap(lah) (karena) di bulan depan ini
112.	Ingsun arsa marang Pajang běbarang prang, kabeh wong sanak mami, iya wong Bang Wetan, aja nakari padha, sun a-(h.163)-jab běbarang iki, matur sandika, sagung kang pra dipati,	Aku hendak menuju Pajang (untuk) berperang. semua sanak saudaraku yaitu orang Bang Wetan semua jangan tertinggal. Aku mengharap pertempuran ini", mengatakan bersedia seluruh para adipati.
113.	Ěněngna ing Jipang yata winarna[34], Ki Agěng lampahneki, mapan sampun prapta, něnggih tělatah Jipang, saběn-saběn dentakoni, marang wong Jipang, asandi dentimbali,	Dihentikan (kisah) di Jipang. Ialah dikisahkan (tentang) perjalanan Ki Agěng (yang) telah sampai di daerah Jipang. Tiap-tiap (yang datang) ditanyai oleh orang Jipang. Mata-mata dipanggil
114.	Ayun sohan[35] marang Kangjěng Arya Jipang, mapan samargi-margi, lamun tinakenan, měngkana saurira kělangkung denira sandi, lawan jětmika, Ki Agěng lampahneki,	hendak menghadap kepada Kanjeng Arya Jipang. Setiap jalan bila ditanyai demikian jawabannya sangat (handal) ia menyamar dan (dengan) tenang Perjalanan Ki Agěng.
115.	Malah jalma kathah sěgah urut marga, yen wus nulya pinaring, tiněkěl kewala,	Justru banyak orang menyuguhi di setiap jalan. Jika sudah, lalu diberi (imbalan).

[33] Cek lagi, aru/aku
[34] Lebih satu suku kata
[35] Sesuai konteks dibaca: *sowan*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	něnggih paringanira, marma tan nyanani, sagung wong Jipang, lawan rěměn ningali,	(Hanya) digenggam saja imbalan tersebut. Sebab tidak mengira seluruh orang Jipang (itu) dengan senang (mereka) menyaksikan
116.	Marang Raden Ngabehi ing Rěspatinya, pantěs lan kang turanggi, samarga těnaga, pun sungkali punika, měngkana esthining ati, sagung wong Jipang, mendah wus sakěpanggih	kegagahan Raden Ngabehi pun cocok dengan kuda (tunggangannya). Di setiap jalan (terlihat) keperkasaan Sungkali itu. Demikian maksud hati segenap orang Jipang telah satu gagasan
117.	Lawan gustiningsung Kangjěng Arya Jipang, baya sukatyane-(h.164)-ki, marang raden ika, ingsun pan durung mulat, ing Jipang wong kang rěspati, pan duganing wang, pinundhut putra yěkti,	dengan Tuan Kangjěng Arya Jipang. “Apa iya (rasa) suka hati kepada Raden Ngebehi ini. Aku belum menyaksikan di Jipang orang yang perkasa (seperti ini). Dugaanku sungguh (akan) dijadikan putera.”
118.	Ěněngěna sagunging jalma sadaya, Ki Agěng kang winarni, mapan sampun prapta, něnggih kilen běngawan, tata měsanggrahan nuli, ingkang neng arsa, něnggih Raden Ngabehi,	Didiamkan (kisah) semua orang (di jalan). Dikisahkan Ki Agěng telah sampai di barat sungai. (Mereka) lalu menata perkemahan. (Seseorang) yang berada di depan yaitu Raden Ngabehi.
119.	Ki Pěnjawi kělawan Ki Juru ika, mapan tansah tinari, Ki Juru aturnya, yen sěmbada lan karsa, prayogi anonjok tulis, mring Arya Jipang, surat pěnantang jurit,	Ki Pěnjawi oleh Ki Juru selalu diberi tawaran. Ki Juru katanya, “Jika cocok, dan menghendaki lebih baik menyodorkan surat kepada Arya Jipang (berupa) surat penantang perang.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
120.	Adatipun yen tiyang wantĕr punika, gampil gen ngĕresahi, pan suprih kawula, pisaha lan kang bala, dados tan awrat sinanggi, tingal kawula, tiyang Jipang sĕmangkin,	Pada umumnya jika orang berani itu gampang jika (hendak) mengganggu. Tujuanku (supaya) dapat pisah dengan tentaranya. Jadi tidak berat disangga. (Berdasarkan) penglihatanku, orang Jipang saat itu
121.	Lagya awrat yen binĕbat ing ayuna, kawon kuciwa tandhing, nĕnggih wadya tuwan, kĕdhik kathah wong Jipang, kalawan kuci-(h.165)-wa bumi, lamun ngantosa, tata ajrat sinanggi,	berat jika ditebas (dalam) pertempuran. (Akan) kalah (dan) kecewa (dalam) tanding (sebab) bala tentara Tuan sedikit, banyak orang Jipang. Bumi (menjadi) kecewa dengan (Tuan) Jika sampai bertata salawat *ajrat* yang dibawa".
122.	Kados botĕn kuciwa wadya ing Sela, Ki Agĕng nabda ris[36], Pĕnjawi kayapa, mĕngko ing pikirira, Ki Pĕnjawi atur nyĕkti, mapan kawula, angingdĕrmi[37] nglampahi,	Seperti tidak kecewa bala tentara di Sela. Ki Agĕng berkata (dengan) arif, "Pĕnjawi, seperti apa nanti (gambaran) di pikiranmu?" Ki Pĕnjawi berkata meyakinkan, "Hamba hanya sekadar menjalankan kewajiban."
123.	Kathah kĕdhik mapan sampun tinĕmaha, sakit kalawan pati, kagungan Yang Sukma, Ki Juru saurira, lĕrĕs wakne Pĕnjawi[38], yen wus tan ana, ingkang nyanudi[39] malih,	Banyak sedikit tentu telah ditakdirkan. Sakit dan mati (semua) milik Tuhan." Ki Juru balasnya, "Benar, paman Penjawi. Jika telah tiada yang memegang lagi."
124.	Kyai Agĕng mapan alon angandika, iya juru sireki,	Kyai Ageng (dengan) pelan berkata, "Iya, Juru. Engkau ini

[36] Kurang satu suku kata
[37] Cek, angidĕrmi atau angingdĕrmi
[38] Kurang satu suku kata
[39] Cek nyanudi atau banudi?

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	ingsun turut mara, ngupaya usada, sira lungaa pribadi, matur sandika, nulya lengser sing arsa,	(dan) aku ikuti (dalam) mencari obat. Engkau pergilah sendiri.” (Ki Juru) mengatakan bersedia, lalu undur diri dari hadapan (Kyai Ageng),
125.	Nanging bĕkta gĕgaman kalih punika, lan nitih kuda estri, babak tur akĕra, wus amoh kambilira, awĕtara tĕbihneki, lan pĕsanggrahan, sapĕnginang winĕtawis,	tetapi (dengan) membawa dua senjata, dan menunggangi kuda perempuan (yang penuh) luka, kurus, (dan) telah sobek pelananya. Sementara jauhnya dengan perkemahan (hanya) seperti lama orang menginang.
126.	Lawan malih anya-(h.166)-brang lĕt kang bĕngawan, prapta wetan bĕnawi, ningali ara-ara, mulat ana wong juga, mapan ingkang lagya ngarit, wus pinaranan, marang Ki Juru iki,	Ada lagi (mereka) menyebrang antara sungai. Sampailah (di) timur sungai, melihat tanah lapang (serta) menyaksikan ada orang (yang) sedang mencari rumput. (Orang itu) telah dihampiri oleh Ki Juru
127.	Kudanira mapan tinuntun kewala, sandi angen puniki, gamĕl sĕkalihnya, samya bakta kĕranjang, marma tan anyana iki, kang ngarit ika, denya nunggil karsi,	(dengan) kudanya (yang) dituntun saja. Mata-mata itu (adalah) *gamel*. Keduanya sama-sama membawa keranjang. Maka (dari itu) tidak terkira (bahwa) yang memotong rumput itu di saat mereka akan bertemu.
128.	Mapan sampun prapta nulya jĕjagongan, Ki Juru atanya ris, bagus ingsun tanya, sira gamĕle sapa, kang tinanya ana uri, gamĕle ing wang,	Setelah sampai lalu berbincang. Ki Juru bertanya pelan “Bagus, aku bertanya engkau *gamel*-nya siapa?” (Seseorang) yang ditanya menjawab, “Saya *gamel*-nya

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Ki Gagak Rimang mami,	Ki Gagak Rimang,
129.	Agĕming prang gusti Arya Pĕnangsang, kuda kandhoan yĕkti, tan pasah ing braja, sira iki wong apa, lan ngĕndi wismanireki, ingsun atanya, Ki Juru ris nauri,	tunggangan perang tuan Arya Penangsang. Sungguh Kuda (yang penuh) kegilaan, (sebab) tidak mempan senjata. Engkau ini siapa dan dimana rumahmu? Aku bertanya (kepadamu).” Ki Juru membalas,
130.	Iya ingsun iki kisanak wong Sela, kang neng kulon banawi, yen dha-(h.167)-ngan lan wira, dadi kĕpasang yoga, ingsun arsa kirim tulis, mring gustenira, nging kupingira sasilih,	“Iya, aku ini *kisanak* orang Sela yang ada di barat sungai. Jika berkenan, menjadi suatu kebetulan, aku hendak mengirim surat kepada tuanmu. Tetapi telingamu sesisih
131.	Iku bae sun tuku sĕlawe reyal, gamĕl kagyat kĕpati, pan arsa lumajar, nulya tinubrukika, iya marang wong kĕkalih, wus tinalenan, nulya kupingnya sisih,	itu saja (yang) kubeli dua puluh lima real.” abdi *gamel* sangat terkejut. (Ia) hendak berlari, (namun) ia segera ditabrak oleh dua orang . Abdi *gamel* telah diikat lalu telinganya (yang) sesisih
132.	Dipuniris lawan kinanthilan surat, lan pinaring arteki, pan sĕlawe reyal, gamĕl nulya lumajar, Ki Juru wus kondur nuli, mring pĕsanggrahan, sowan kang raka panggih,	diiris serta digantungi surat dan diberi uang (sejumlah) dua puluh lima real. *Gamel* lalu berlari. Ki Juru telah pulang segera menuju *pesanggrahan* (untuk) menghadap kakaknya. (Ia) bertemu
133.	Tur uninga yen lampahe angsal karya, samya ken ngati-ati, Ki Pĕnjawi nulya,	(guna) memberitahu bahwa perjalanannya berhasil. Semuanya (diminta) hati-hati.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	angrasuk kang busana, lan sagunge kang prajurit, Ki Juru ika, lawan Raden Ngabehi,	Ki Penjawi segera memakai busana dan seluruh prajurit. Ki Juru dan Raden Ngebehi
134.	Wus siyaga lan sagamaning ayuda, baris pĕndhĕm sami, Ki Agĕng punika, tunggilan pra ngulama, mapan samya aneng (h.168) wuri, sarta d#donga, n#nuwun mring Yang Widi	telah bersiap beserta senjata perang. (Mereka) semua melakukan *baris pendhem*[40]. Ki Ageng bersatu (dengan) para ulama. (Mereka) semua berada
135.	Datan manjing mĕksih neng kilen bĕngawan, ĕnĕngna kang winarni, kamĕl[41] kang lumajar, prapta ing wismanira, Ki Tumĕnggung duk ningali, kagyat kalintang, asru denira angling	Belum memasuki (tujuan), masih berada di barat sungai. Didiamkan yang dikisahkan. *Gamel*[42] yang berlari sampai di rumahnya Ki Tumĕnggung ketika melihat sangat terkejut. Keras olehnya berkata,
136.	Heh wong gamĕl sira iku kĕna apa, wus katur solahneki, lawan angsal surat, Ki Tumĕnggung anulya, lumĕbĕt ambĕkta tulis, Arya Penangsang, nĕnggih ingkang winarni,	“Hei, *gamel*, engkau ini ada apa?” Sudah disampaikan tingkahnya, serta mendapat surat. Ki Tumĕnggung kemudian masuk (ke istana) membawa surat. Arya Pĕnangsang yang dikisahkan.
137.	Mapan lagya ketanggĕl lan lagya dhahar, kagyat duk aningali, marang labĕtira, Ki Mĕntaun punika,	Sedang tanggung di saat makan. (Ia) terkejut ketika melihat terhadap perbuatan Ki Mĕntaun.

[40] *Baris pendhem*: baris dengan sembunyi-sembunyi
[41] Rekomendasi: *gamĕl*
[42] *Gamĕl* : seseorang yang bertugas merawat kuda

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	sangsarya sru denira ngling, apa kagawa, nyawa ingsun tingali,	Semakin keras di saat berbicara, “Apa (yang) kaubawa? Coba kulihat!”
138.	Ki Tumĕnggung langkung kewraning driya, aris aturireki, ing mangke kewala, yen sampun kendĕl dhahar, kawula umatur Gusti, sang narya duka, Ki Tumĕnggung langkung ajrih,	Ki Tumĕnggung sangat sungkan hatinya, perkataannya (dengan) halus, “Nanti saja jika sudah selesai makan hamba (akan) menghaturkan pada Tuan.” Sang raja marah. Ki Tumĕnggung semakin takut.
139.	Dadya katur kang surat nulya tinampa-(h.169)n, marang kang asta kering, kang kanan pan lagya kang kinarya ngĕpĕl sĕga, winaca sinukmeng ati, mapan mĕngkana, bubukaning kang tulis,	Surat tersebut diterima dengan tangan kirinya. (Tangan) yang kanan sedang dipakai (untuk) mengepal nasi. (Surat) dibaca di dalam hati. Maka demikian pembukaan surat,
140.	Pengĕt iki layange Ki Agĕng Sela, tekaa mring sireki, ya Arya Pĕnangsang, dene apĕksa lanang, yen nyata sira den aglis, anĕkanana, sun neng kulon bĕnawi,	“Pengingat: surat ini (dari) Ki Agĕng Sela tiba kepada engkau ini ya Arya Pĕnangsang. Jika engkau laki-laki (yang) sesungguhnya, maka segeralah engkau mendatangi aku di barat sungai.
141.	Yen tan prapta mapan sira dudu lanang, ngur tapiha sireki, tan dumugi nulya, binanting kĕpĕlira, suratya[43] dipunjĕjuwing, asru ngandika, marang wong gamĕl iki	Jika tidak datang, (maka) sungguh engkau bukan lelaki. Lebih baik berkain (bagai) wanita engkau ini.” Tiada terkira lalu Dibanting genggamannya, suratnya dirobek-robek.

[43] Rekomendasi: *suratnya*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
		(Arya Pěnangsang dengan) keras berkata kepada *gamel* ini,
142.	Kambila sakudaningsun Gagak Rimang, angrasuk busana glis, měngkana kang garwa, Kangjěng Sang Arya Jipang, Sang Dyah Rětna Larasati, sangět karuna, kang raka dengendholi	"Siapkan peralatan beserta kudaku (si) Gagak Rimang!" (Arya Pěnangsang) segera berusana. Adapun istrinya Kangjěng Sang Arya Jipang yakni Sang Dyah Rětna Larasati sangat sedih, kakandanya dicegah-cegah.
143.	Ki Tuměnggung Mětaun sangět bingungnya, lajěng lumayu mulih nyandhak běndhenira, tinabuh pinggir radya, wong Jipang pan kuwur sami, langkung wuroh-(h.170)-an, Sang Arya kang winarni,	Ki Tuměnggung Mětaun sangat bingung lalu berlari kembali mengambil *běndhe*-nya, ditabuh di pinggir desa. Orang Jipang semua kebingungan (dan) sangat gaduh. Sang Arya Pěnangsang yang dikisahkan
144.	(h.170) Ingkang garwa kiněpatakěn wus kontal, lajěng nitih turanggi, mandhi pětawinan, Bale Regel arannya, anulya dipuncěměthi, sun Gagak Rimang, mamprung tan ngambah siti,	istrinya dikibaskan hingga terpental, lalu menunggagi kuda, membawa Bale Regel namanya. Kemudian dicambuk si Gagak Rimang melesat (sampai) tak menapak tanah.
145.	Tan pantara wus prapta wetan běngawan, sumbar-sumbar ngajrihi, ěndi si rupanya, si Pěmanahan Sela, nyabranga sawetan kali, lamun prawira, wadya Sela winarni,	Tidak lama sudah tiba di timur sungai. Berteriak menakut-nakuti, "Di mana wujud Si Pemanahan Sela, menyeberanglah ke timur sungai jika berani." Pasukan Sela diceritakan
146.	Sampun tata barisnya kilen běngawan, andher sapinggir kali,	telah diatur barisannya di barat sungai, berjajar di sepanjang pinggir sungai.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Ki Juru winarna, estri titiyanira, kěra babak ingkang gigir, kambilnya samak, buntutira ginodhi,	Diceritakan tentang Ki Juru betina tunggangannya, punggungnya *kera babak*, pelananya diberi alas, ekornya diikat,
147.	lawan amběn pinrih estri katingala, lampahnya jondhil-jondhil, lawan sru sěsumbar, heh mara Arya Jipang, yen wira nyata prajurit, mayo nyabranga, ingsun dhe-(h.171)-we nadhahi,	dan dipakaikan ikat pinggang sehingga terlihat bahwa betina. Jalannya berderap-derap, sambil berseru dengan lantang, "Hai kemarilah Arya Jipang jika (kau) benar-benar prajurit berani. Mari menyeberanglah, aku sendiri (yang) menghadapi."
148.	Lir siněbit talingannya Arya Jipang, anulya dencuměthi, kuda Gagak Rimang, nanging mogok kewala, yen sagěda ngucap iki, dhuh gusteningwang, paduka denapusi,	Bak terkoyak telinga Arya Jipang, segera mencambuk kuda Gagak Rimang, tapi tak mau bergerak juga. Ketika bisa (bergerak) berkata demikan, "Aduh tuanku, engkau dibohongi."
149.	Kyai Juru asru dennya sumbar-sumbar, dene suwe sireki, mara Arya Jipang, kaya dudu wong lanang, sang Arya běndu tan sipi, pun Gagak Rimang, anulya dencuměthi,	Kyai Juru dengan nyaring berseru, "Ternyata lama kau kemari Arya Jipang, seperti bukan laki-laki." Sang Arya marah sekali, si Gagak Rimang kemudian dicambuki
150.	Poking kuping měngkana lamun ngucapa, dhuh gustiku Sang Pěkik, tan kěna ngaturan, sěnadyan sun matiya, anglabuhi gusti mami, pun Gagak Rimang,	ujung telinganya demikian jika berkata, "Aduh tuanku, Sang Pekik tidak bisa diberitahu, walaupun aku mati berkorban demi tuanku." Gagak Rimang

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	ambyur nulya anglangi	menyebur lalu memutari.
151.	Wong ing Sela Tarub wus ngatya-atya[44],[45] sarĕng pangĕdrelneki, nanging tanpa karya, Gagak Rimang wus mĕntas, wong Tarub Sela pan sami, ngroyok kewala, Sang Arya tan kaeksi,	Orang-orang di Sela dan Tarub sudah menanti-nanti sambil memberikan hormat senjata tapi tidak membuahkan hasil. Gagak Rimang sudah keluar dari air. Orang-orang Tarub dan Sela bersama-sama mengeroyok, Sang Arya tak tampak.
152.	Ramening prang pan angling duk purwanira, Arya Jipang upami, Sang Angkawijaya, rinĕbat ing Kurawa, tan kewran tyasnya Sang Pĕkik, pun Gagak Rimang, lang-(h.172)-kung pĕngamukneki	(Penyebab) gaduhnya perang karena perkataan yang dahulu, Arya Jipang mengumpamakan Sang Angkawijaya dikeroyok oleh Kurawa, tidak susah hati sang Pekik. Gagak Rimang kemudian menyerang dengan dahsyat.
153.	Nyakot nujahan nyepak pun Gagak Rimang, braja datan gundhili, mring pun Gagak Rimang, tandangira lir yĕksa, kĕlangkung anggĕgilani, wadya ing Sela, Tarub wus bubar sami,	Gagak Rimang mengigit, menerjang, menendang. Senjata tak berpengaruh terhadap Gagak Rimang. Tingkahnya bagai raksasa, terlampau mengerikan. Prajurit di Sela dan Tarub sudah terpencar-pencar.
154.	Nanging kantun Ki Pĕnjawi yun-ayunan, langkung ramening jurit, tan ana kuciwa, kuda pan samya kuda, agĕnti larih linarih, tan nana tumama[46],	Tinggal Ki Pĕnjawi yang berhadap-hadapan, sangat dahsyat peperangannya, tidak ada yang mengecewakan. Kuda dengan kuda, bergantian saling melukai, tidak ada yang kena.

[44] Rekomendasi: *ngantya-antya*
[45] Kurang satu suku kata
[46] Lebih satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mangkana Den Ngabehi,	Demikianlah Den Ngabehi
155.	Nuhun pamit wau dhumatěng kang rama, mapan wus denlilani, anitih turangga, pun Sungkali punika, Kyai Pěleret pinundhi, Ki Juru ika, wau ingkang botohi,	memohon pamit kepada ayahnya, karena sudah diizinkan menunggangi kuda Si Sungkali tersebut. Kyai Peleret yang dihormati Ki Juru yang tadi bertaruh.
156.	Pun Sungkali kělangkung dennya gumbira, yen sinawang mantěsi, lir Wisnu Bathara, tumurun saking Swarga, Ki Juru kudanya estri, babak tur kěra, buntutnya wus ginodhi,	Si Sungkali teramat gembira, ketika dilihat tampak pantas, seperti Batara Wisnu turun dari surga. Ki Juru kudanya betina, *babak* dan *kera* ekornya sudah diikat
157.	Lawan amběn jongki-(h.173)-t-jongkit lampahira, Gagak Rimang ningali, wus karsan ing sukma, supe mring gustenira, dadya bujung kuda estri, sěparanira, Ki Juru den tut wuri,	dengan pelananya, naik-turun langkahnya. Gagak Rimang melihat timbul keinginan dalam hati, lupa terhadap tuannya sehingga mengejar kuda betina. kemana pun arahnya, Ki Juru mengikuti di belakang.
158.	dhasar lami kinurung pun Gagak Rimang, kalangkung bigarneki, tan kenging ngingěrna, Raden Ngabehi nulya, Kyai Paleret pinusthi, wus linarihan, Arya Jipang ngěmasi,	Oleh karena lama dikurung, Gagak Rimang begitu bersemangat, tidak bisa mengalihkan (perhatian)nya. Raden Ngabehi kemudian, Kyai Paleret digenggam dengan konsentrasi sudah saling menyerang. Arya Jipang meninggal.
159.	Ki Pěnjawi nglarihipun Gagak Rimang, ambruk lajěng ngěmasi, pan sarěng kewala, lawan ingkang turangga,	Ki Pěnjawi menusuk Gagak Rimang, ambruk lalu mati. juga bersama dengan kudanya.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Ki Mĕntaun kang winarni, lawan Sang Rĕtna, tan nganti mring wadyeki,	Ki Mĕntaun yang diceritakan dan Sang Retna tidak disertai prajuritnya.
160.	Sĕsandĕran wong kalih pan sampun prapta, aneng wetan bĕnawi, awas denya mulat, yen gustinya pralena, lan sendhean kang turanggi, kunarpanira, Ki Tumĕnggung anangis,	Kedua orang itu pergi dengan cepat dan sudah tiba di timur sungai. (Mereka) melihat dengan saksama, bahwa tuannya meninggal, dengan bersender pada kudanya, jasadnya. Ki Tumenggung menangis.
161.	Larasati anjrit nyumĕthi kuda[47], ambyur marang bĕnawi, Ki Mĕntaun ika, tan keri lan Sang Rĕtna, wong loro tan sĕdya urip, pan sampun mĕntas, prapta kilen bĕnawi,	Larasati menjerit mencambuki kuda, menyebur ke sungai. Ki Mĕntaun dan juga Sang Retna, kedua orang itu tidak ingin hidup. Ketika sudah keluar dari air tiba di barat sungai.
162.	(h.174) wong ing Tarub Sela neng kilen bĕngawan, wau genira baris, kang lumayu padha, ing mangko pan wus prapta, tinata kadya ing nguni, mring Ki Mĕntaun iki,	Orang-orang Tarub dan Sela di barat sungai yang tadi barisannya berlari-larian, kini ketika sudah tiba diatur (barisannya) seperti sebelumnya. Terhadap Ki Mĕntaun ini
163.	tinadhahan mring wong Tarub lawan Sela, pĕksa datan kuwawi, Mĕntaun tandangnya, pan anglir Jaya Brata, turangganya sampun mati, putung lawungnya, nging ngamuk lawan kĕris,	dihadapi oleh orang-orang Tarub dan Sela. Dengan berani tapi tidak kuat, karena serangan Mĕntaun bagaikan Jaya Brata. Kudanya sudah mati, tombaknya patah, tapi menyerang dengan keris.
164.	si Dyah Rĕtna Larasati tandangira,	Serangan Dyah Retna Larasati

[47] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kadya wara Srikandhi, ngagěm patrěmira, ingkang katrajang bubar, mapan wus tanpa turanggi, sarya karuna, měngkana Den Ngěbehi,	seperti *wara* Srikandi, menggunakan kerisnya. (Mereka) yang diserang menjadi bubar karena sudah tak berkuda, serta menangis. Demikian Raden Ngabehi
165.	Pan wus mulat yen estri kang ngamuk ika, tědhak saking turanggi, nulya ciněgatan, Ki Měntaun wus panggyang[48], kalawan Kyai Pěnjawi, sru pan nyuduknya, panggah Kyai Pěnjawi	ketika sudah melihat bahwa perempuan yang menyerang tersebut turun dari kudanya, segera dihalangi. Ki Měntaun sudah bertemu dengan Kyai Pěnjawi. Kuat tusukannya, Kyai Pěnjawi tak bergeming.
166.	Tinampiling Ki Měntaun nulya niba, mapan lajěng ngěmasi, saking sayahira, wus dangu pangamuknya, pědot napasira iki, (h.175) lan wus těkdirnya, měngkana Den Ngabehi,	Ki Měntaun ditempeleng hingga jatuh lalu meninggal karena kelelahan. Telah berlangsung lama serangannya, terputus nafasnya kini dan sudah takdinya. Demikian Raden Ngabehi
167.	Wus apanggih lan si Dyah Rarasing Driya, kuměpyur ing tyasneki, Dyah Rarasing Driya, měngkana esthinira, bagus těměn bocah iki, sun durung mulat, ing Jipang kang kadyeki,	sudah bertemu dengan Dyah Rarasing Driya. Terkejut dalam hati, Dyah Rarasing Driya demikian maksudnya, “Baik sekali anak ini, aku belum (pernah) melihat di Jipang yang seperti ini.”
168.	Dadya měnggah pěngamuknya sang kusuma, lan uwis aningali, Ki Měntaun pějah, měngkana ing tyasira,	Sehingga terhenti serangan *sang kusuma* dan telah melihat Ki Měntaun meninggal. Demikian dalam hatinya,

[48] Rekomendasi: *panggya*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mangsa sun anomamani, angur belaa, nulya patrěm pribadi,	“Tidak mungkin aku mengenainya, lebih baik jika berkorban *pati*. segera menusuk diri sendiri.
169.	Sampun niba palastra Dyah Rarasatya, dadya katiga sami, tinunggal kewala, wau ingkang kunarpa, měngkana wong Jipang prapti, kang pra dipatya, miwah ingkang prajurit,	Sudah jatuh mati Dyah Rarasati, lalu ketiga orang itu dikumpulkan jenazah-jenazahnya. Demikian orang Jipang tiba, para adipati beserta prajuritnya
170.	pan suměkta sagěgamaning ayun, baris wontěn běnawi, rahara[49] keběkan mring sagung wadya Jipang, běleber pinggir běnawi, tan pawilangan langkung denya ngajrihi	telah siap seluruh persenjataan di depan. Berbaris di sungai riuh ramai. Sedemikian banyaknya prajurit Jipang meluber di pinggir sungai, tak terhitung jumlahnya semakin menakutkan.
171.	wadya sela tarub něnggih barisnya, aneng kilen běnawi, ma-(h.176)-pan lět běngawan denya ayun-ayunan lawan langkung kědhikneki, wadya ing sela, lawan tarub puniki	Prajurit Sela dan Tarub berbaris di barat sungai, menempati di antara sungai. Demikian olehnya berhadap-hadapan, dan sedikit banyaknya prajurit di Sela dan Tarub ini,
172.	tigang atus winětara kathahira, nging wong Jipang puniki, kang manah wus suda, ningali gustenira, kělamun sampun ngěmasi, lawan Sang Rětna, těnapi Ki Dipati,	tiga ratus kira-kira banyaknya. Tetapi orang Jipang tersebut hatinya sudah kurang (semangat), melihat tuannya telah meninggal, beserta Sang Retna dan juga Ki Dipati.

[49] Rekomendasi: *ruhara*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
173.	dadya dangu denira sawang sinawang, tan ana ingkang wani, lamun anyabranga, měngkana Ki Agěng Sela, Ki Juru ingkang tinari, pa karsanira, juru prayoganeki,	Sehingga lama (mereka) saling pandang, tidak ada yang berani ketika hendak menyeberang. Demikian Ki Ageng Sela diminta kesanggupannya oleh Ki Juru, apa maunya, "Juru seyogyanya,
174.	apa běcik kělamun sira nabranga, yen mangkene pribadi, mapan tan pawěkas, manggung sawang sinawang, Ki Juru umatur aris, yen sinabrangan, kados botěn kuwawi,	apakah baik seandainya kau menyeberang? Jika demikian diriku tidak akan ada akhirnya. Terus menerus saling pandang." Ki Juru berkata pelan, "Jika diseberangi tampaknya tidak mampu,
175.	langkung kathah punika tiyang bang-wetan[50], wadya tuwan ming kědhik, inggih lamun tahan, langkung saking prayogi, lamun datan tahan ugi, (h.177) langkung měmirang, lan mindhak angsal ati,	terlalu banyak orang di timur tersebut, pasukan tuan hanya sedikit, jika bertahan (itu) lebih baik. Jika tidak bertahan juga sangat memalukan, dan menyebabkan tidak ada nyali.
176.	dugi kula tiyang bang-wetan punika, manahnya sampun alit, kělamun ngantosa, punika angsal manah, kados awrat sinanggineki, Ki Agěng něbda, paran prayogineki,	Menurut dugaanku, orang wilayah timur itu sudah ciut hati. Jika seandainya sampai, itu mendapat hati tampaknya menjadi berat ditanggung." Ki Ageng berkata, "Bagaimana sebaiknya?"
177.	Kyai Juru mapan alon aturira, inggih lamun marěngi, lawan karsa tuwan, wontěn udur punika,	Kyai Juru berkata pelan, "Iya, jika sesuai dengan kehendak tuan pada pertikaian ini,

[50] Lebih satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	namung pun kakang Pěnjawi, lawan kawula, tiga Raden Ngěbehi,	hanya kakanda Pěnjawi dan saya, yang ketiga Raden Ngebehi.
178.	dene baris ing Tarub Sela punika, mundura mapan sami, soana kewala, wontěn ngarsa paduka, kawula bilih měnawi, wontěn sih ing Yyang, lan supangat Jěng Nabi,	Adapun barisan di Tarub dan Sela tersebut, hendaknya semua undurkanlah. Menghadaplah saja ke hadapan paduka. Jika saya mendapat kasih dari Tuhan dan doa dari Nabi,
179.	kang kapundhi amung pangestu paduka, ing siyang lawan ratri, Ki Agěng ngandika, yen měngkono karsanya, iya ingsun angamini, Pěnjawi mara, undurna sagung baris,	yang diterima hanya restu paduka di siang dan malam." Ki Ageng berkata, "Jika demikian kehendaknya, aku juga menyetujui. Pěnjawi kemarilah, mundurkan seluruh barisan."
180.	tur sandika nulya ně-(h.178)-mbah aparentah, mundur sagunging baris, wong bang-wetan wikan, yen baris mundur samya, dadya ewuh ing tyasneki, narka yen gělar, sadaya alit kang ati,	Kemudian menerima perintah lalu menyembah, memerintahkan seluruh barisan untuk mundur. Orang wilayah timur mengetahui bahwa barisan mundur semua, menyebabkan takut dalam hatinya. (Mereka) mengira bahwa itu suatu gelar perang, semua menjadi berkecil hati.
181.	Den Ngabehi kalawan Ki Juru ika, tiga Kyai Pěnjawi, wus ngrasuk busana, samya nitih turangga Ki Juru titiyaneki, bělalak pancal, pun Gunawan namaneki,	Ren Ngabehi dengan Ki Juru, dan yang ketiga Kyai Pěnjawi, sudah memakai pakaian serta menunggangi kuda. Ki Juru tunggangannya *belalak pancal*, si Gunawan namanya.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
182.	Endra Yĕksa Ki Pĕnjawi titihan, Sungkali Den Ngabehi, pan samya tĕnaga, gawok wadya bang-wetan, mapan samya aningali, jomblong sĕdya, prapta pinggir bĕnawi,	*Endra Yeksa* tunggangan Ki Pĕnjawi. (Tunggangan) Raden Ngabehi yaitu Sungkali, semua (kuda) yang kokoh. Terheran-heran prajurit di timur ketika melihat, semua melongo. (Mereka) tiba di pinggir sungai,
183.	pra dipati ing Jipang pĕpak sadaya, ingkang dadya pĕngarsi, Tohbahu namanya, pan lagya pagunĕman, lawan aningali[51], mring solahira, prajurit tiga sami,	para dipati Jipang semua lengkap. (Ia) yang menjadi pemimpin Tohbahu namanya. Tetapi selagi berbincang dan melihat, tingkah lakunya ketiga prajurit
184.	kang tĕtĕgar aneng sapinggir bĕngawan datan pantara prapti, kang prajurit tika, bĕngawan linumpatan, (h.179) kang kuda katiga sami, tan mawi nyabrang, dadya prasami ajrih,	yang berkuda di pinggir sungai, tidak lama tiba para prajurit itu, melompati sungai. Ketiga kuda tersebut tidak menyeberang sehingga sama-sama takut.
185.	Ki Tohbahu lan sagung pra dipatya[52], ayun lumajar sami, nulya cinĕgatan, marang Ki Juru ika, lawan angandika aris, heh pra dipatya, aja lumayu sami,	Ki Tohbahu dan seluruh adipati ingin melarikan diri. Segera dicegat oleh Ki Juru sembari berkata, “Hai para adipati, janganlah lari.
186.	praptaningsun ing kene nĕmoni sira, yen dhangan lan sira,	Kedatanganku ke sini menemui kalian supaya lega, dan kamu

[51] Kurang dua suku kata
[52] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	padha amituhuwa, pan amrih rahayuneki, kenděl sědaya, sagung kang pra dipati,	semua tunduk-takluklah, supaya selamat.” Semua diam. Seluruh adipati,
187.	soan andher neng ngarsa sang katrinya[53], Ki Juru aněbda ris ěndi ingkang tuwa, lan sapa aranira, Tohbahu matur ngaběkti, inggih kawula, Tohbahu wěsta mami,	ketiganya duduk berjejer menghadap. Ki Juru berkata pelan, “Di mana yang tertua dan siapa namanya?” Tohbahu berkata sambil menyembah, “Iya, saya. Tohbahu nama saya.”
188.	heh Tohbahu marmaningsun iki prapta, ayun tanya sayěkti, paran karsanira, apa sědya abela, yen kěna sun eman ugi, ngurahayuwa, Tohbahu atur běkti,	“Hai Tohbahu, penyebabku datang ke sini sesungguhnya ingin bertanya apa tujuanmu apa (kau) bermaksud berkorban? Jika boleh aku menyayangkan, carilah selamat.” Tohbahu berkata dengan hormat,
189.	pan kawula inggih punapa kang karsa, gusti dhatěng nglampahi, (h.180) Ki Juru angandika, yen měngkono padha, angur seba atumuli, Ki Agěng Sela, sandika mapan sami,	“Sekiranya saya, apa yang dikehendaki tuan untuk melakukan.” Ki Juru mengatakan, “Jika demikian, lebih baik segera menghadap.” Ki Ageng Sela berkata, “Itu sama
190.	bilahinya pan ingsun kang nanggung padha, lah wis kari ya iki, nuli anusula, sagung kang pra dipatya, sandika samya turneki, anulya musna, ingkang prajurit katri,	celakanya karena aku yang menanggung kalian. Nah, sudahlah yang tinggal sini, segera menyusullah.” Seluruh adipati semua menerima perintah. Segera menghilang,

[53] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
		yakni ketiga prajurit itu.
191.	sangsaya jrih sagunging wadya bang-wetan, anulya ambongkoki, sagung ingkang wastra, nusul nyabrang běngawan, tan ana kari sawiji, sědya aseba, Ki Juru kang winarni,	Semakin takut seluruh prajurit di timur. Kemudian mengikat segenap jariknya, ikut menyeberangi sungai, tak ada yang tertinggal satupun tujuannya menghadap. Ki Juru yang diceritakan,
192.	Ki Pěnjawi Raden Ngabehi wus prapta, ing ngarsa atur běkti, Ki Agěng atanya, paran ing lakonira, Ki Juru tur wotsari, pangestu tuwan, pukulun angsal kardi,	Ki Pěnjawi dan Raden Ngabehi sudah tiba di hadapan dan memberi hormat Ki Ageng bertanya, “Bagaimana kejadiannya?” Ki Juru kemudian menyembah, “Berkat restu Tuan, hamba berhasil melakukan.”
193.	Datan dangu kados nuntěn samya prapta, nulya sujud ing Widi, Kyai Agěng Sela, langkung sokur mring Sukma, tan pantara nulya prapti, wadya bang-wetan, gumrah swaraning jalmi,	Tidak lama kemudian mereka tiba, segera bersujud kepada Tuhan. Kyai Ageng Sela sangat bersyukur pada Tuhan. Tidak lama kemudian tiba para prajurit wilayah timur, bergemuruh suara manusia.
194.	(h.181) Kyai Juru ingkang kinen měthukěna, kang sarta lajěng ngirid, mapan sampun prapta, sagung kang pra dipatya, ing ngarsa ndher atur běkti, tumungkul samya, tan kuwasa ningali	Ki Juru yang disuruh menjemput yang turut serta mengiringi. Mereka sudah tiba. Seluruh adipati di hadapan, duduk berjajar memberi hormat. Semua menunduk, tak sanggup melihat
195.	Marang wěrnanira Kyai Agěng Sela, langkung denya blěrěngi, měngkana ngandika,	pada Kyai Ageng Sela yang diceritakan, karena sangat menyilaukan. Demikian berkata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mring sagung pra dipatya, apa wis mituhu sami, mring karsaning wang, sĕdaya atur bĕkti,	kepada seluruh adipati “Apa semua sudah mematuhi kehendakku?” Semua memberi hormat
196.	Sampun sakit sĕnadyan dhatĕng pĕjah[54], gusti inggih nglampahi, Ki Agĕng ngandika, ya wis ingsun tarima, nanging ta parentah mami, negari Jipang, iya ing mĕngko iki,	“Jangankan sakit meskipun hingga kematian pun dijalani, Tuan.” Ki Agĕng berkata, “Baiklah, aku terima. Tetapi perintahku (untuk) negeri Jipang pada waktu ini,
197.	Ingsun titip Tohbahu marang ing sira, lan sagunging dipati, padha rumĕksaa, ingsun ayun kondura, iya marang pajang mami, sapungkur ingwang, padha nusuli,	kutitip kepadamu Tohbahu, beserta seluruh adipati. (Engkau) semua jagailah, sebab aku hendak kembali menuju Pajang (negeri)ku. Setibaku (di negeri Pajang), kalian semua menyusullah.
198.	Asebaa kĕlawan sakancanira, mring Sultan Pajang iki, iku poma-poma, padha amituhuwa, sandika samya turneki, (h.182) lan maning ana, iya wĕwĕkas mami,	Menghadaplah bersama kawananmu kepada Sultan Pajang. Itu adalah perintah(ku), semua taatilah!” Semuanya menyanggupi perkataannya. “Dan ada lagi, pesanku
199.	Layonira Arya Jipang bĕcikan[55], lan kang loroku ugi, tunggalna kewala, iku ya poma-poma, aja sira ngapirani, matur sandika,	(supaya) jenazah Arya Jipang muliakanlah, bersama dua (jenazah) itu satukanlah saja. Ini pula perintah(ku). Jangan sampai engkau menyepelekan!” Berkata menyanggupi

[54] Kurang satu suku kata
[55] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	sagung ki pradipati,	para adipati semua.
200.	Mapan ingsun yun budhal sadina benjang, wus ta mundura iki, sagung pradipatya, ngabĕkti gĕntya-gĕntya, ngusapi lĕbu sang yogi, saundurira, angĕmu waspa sami,	“Aku hendak berangkat esok hari. Sudah, kalian mundurlah.” Seluruh para adipati bergantian menghaturkan bakti, bersujud (kepada) sang pendeta. Sepulangnya (Ki Agĕng), (mereka) semua menangis.
201.	Ĕnĕngna sagung ingkang pra dipatya[56], Ki Agĕng kang winarni, mapan pirĕmbanan[57] lawan Ki Juru ika, tĕnapi Kyai Pĕnjawi, lawan kang putra, nĕnggih Raden Ngabehi,	Didiamkan (cerita tentang) para adipati. Dikisahkan Ki Agĕng (sedang) berdiskusi dengan Ki Juru, demikian pula Kyai Pĕnjawi beserta puteranya yaitu Raden Ngabehi.
202.	Angandika Ki Agĕng mring ri kalihnya, paran karsanireki, sapa ingkang tampa, ing ganjaran nĕgara, pan ingsun tan melu jurit, Ki Juru turnya, lawan Kyai Pĕnjawi,	Ki Agĕng berkata kepada keduanya, “Apa (yang menjadi) kehendak kalian (yaitu) barangsiapa yang menerima ganjaran dari negara, maka aku tidak ikut (dalam) peperangan.” Berkata Ki Juru dan Kyai Pĕnjawi,
203.	Pan sĕdaya punika asta paduka, Ki Agĕng ngandika ris, iku Juru nora, ingsun nga-(h.183)-tĕr kewala, sayĕkti kang oleh kardi, pan anakira, kĕlawan si Pĕnjawi,	“Semua itu (ada) di tangan Paduka.” Ki Agĕng berkata lembut, “Bukan itu (maksudku), Juru. Aku hanya mengarahkan (saja). Sesungguhnya yang mendapat pekerjaan (adalah) anakmu dengan si Pĕnjawi.”
204.	Kyai Juru gumujĕng sarwi anĕmbah,	Kyai Juru tertawa sembari menghaturkan

[56] Kurang satu suku kata
[57] Rekomendasi: *pirĕmbagan*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	lěrěs yen dentingali, něnggih kang tumandang, Raden Ngabehi ika, kalawan wakane Pěnjawi[58], nadyan kawula, inggih pan botěn keri,	sembah, "Benar jika disimak (bersama). Adapun yang bekerja Raden Ngabehi bersama pamannya (yaitu) Pěnjawi. Walaupun hamba tentu tidak ketinggalan.
205.	Ki Pěnjawi mapan botěn prajangjeyan lawan Jěng Sultan dhingin, mangsa sininglaran, mapan gampil kewala, pun thole měkatěn malih, pan panakawan, botěn angsal něgari,	Ki Pěnjawi tidak (melakukan) perjanjian dengan raja terlebih dahulu. Tidak mungkin dilanggar (itu) mudah saja. Demikian pula anak lelakiku. (Seorang) abdi (tentu) tidak mendapat (ganjaran) negara.
206.	Panakawan ganjaran astra busana, sanes paduka yěkti, mring pundi purunnya tan wande dhatěng anak, sadherek měkatěn ugi, datan pěrbeda, lawan anak kantun kědhik[59]	(Seorang) abdi (mendapat) ganjaran senjata (dan) busana. Sungguh berbeda dengan paduka. Dimana maunya tentu kepada anak. Demikian pula (dengan) saudara, tidak berbeda, dengan anak berbeda sedikit.
207.	Kyai Agěng wus dhahar ingaturira, Ki Juru Aměrtani, nulya angandika, ya wis sun turut sira, Pěnjawi prentah anuli, ingsun budhala-(h.184)-n mulih sadina iki,	Kyai Agěng telah menyetujui perkataannya. Ki Juru Měrtani lalu berkata, "Ya sudah, hamba menuruti (paduka)." Pěnjawi lalu memberi perintah, "Aku (hendak) berangkat pulang hari ini pula,

[58] Lebih satu suku kata
[59] Lebih satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
208.	Marang Pajang Pěnjawi atur sandika, nulya těngara muni, wadya Tarub Sela, langkung ing tyas gumbira, Gustinira angsal kardi, samarga-marga. mapan kasukan sami,	menuju Pajang." Pěnjawi menaati. Kemudian *těngara*[60] berbunyi. Pasukan Tarub Sela sangat gembira hatinya (sebab) tuannya berhasil dalam pekerjaannya. Di sepanjang jalan (mereka) semua bergembira.
209.	Ěněngna wau kang lagya lumampah[61], awarna Pajang nagri, něnggih Kangjěng Sultan, mapan lagya seneba[62], pěpěki wadya anangkil, kang munggeng ngarsa, Raden Mancaněgari,	Dihentikan (cerita) yang sedang berjalan. Dikisahkan (di) negeri Pajang. Sultan Pajang sedang dihadap, lengkap busana para pasukan. yang menghadap di hadapan (raja) yaitu Raden Mancaněgara.
210.	Kangjěng Sultan aris denira ngandika, heh ta Mandaněgari, apa sira wikan, wěrtane kakang Sela, olehe amangun jurit asor unggulnya, němbah Mancaněgari,	Sultan Pajang berbicara dengan lembut, "Wahai engkau Mancaněgara, apa engkau mengetahui kabar kakanda Sela? Konon di saat bertempur (ia) kalah. Adipati Mancaněgara menghaturkan sembah (seraya berkata),
211.	Inggih mirsa wirteni pun kakang Sela, měksih apacak baris, neng kilen běngawan, wadyanya Arya Jipang, barisne wetan běnawi, wadya ing Sela, awarta sangět kontit,	"Iya, (hamba) mengetahui kabar Kakanda Sela, masih menata barisan di barat sungai. (Sementara) pasukan Arya Jipang barisannya (di) timur sungai. Pasukan dari Sela dikabarkan sangat terdesak.

[60] Gong kecil sebagai alat penanda
[61] Kurang satu suku kata
[62] Rekomendasi: *sineba*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
212.	Langkung kathah wadyanira Arya Jipang, kadugi (h.185) tan kuwawi, eca angandika, kasaru teger[63] jaba, kang jalma samya ningali, ing praptanira, Ki Agĕng Sela iki,	Pasukan Arya Jipang sangat banyak diduga tak tertandingi. (Pada saat) nyaman berbincang terdengar tanda-tanda (di) luar. Semua orang menyaksikan kehadiran Ki Agĕng Sela.
213.	Langkung asri lampahe samarga-marga, nanging Raden Ngabehi, ingkang dadya kondhang, sagung wong kang tumingal, Kangjĕng Sultan wus miarsi, lajĕng putusan[64], ngenggalkĕn lampahneki,	Sangat asri langkahnya disepanjang jalan. Namun Raden Ngabehi yang menjadi mahsyur segenap orang yang melihat. Sultan Pajang telah mendengar, lalu mengutus untuk mempercepat langkahnya.
214.	Tan pantara Ki Agĕng wus prapteng ngarsa, lajĕng jawat asyeki[65], nulya tata lĕnggah, Raden Ngabehi nulya, ngabĕkti marang sang Aji, rinangkul lawan, kang putra denarasi,	Tidak lama (kemudian) Ki Agĕng sudah sampai di hadapan Sultan Pajang, lalu berjabat tangan, kemudian duduk. Raden Ngabehi lalu menghaturkan bakti kepada sang raja. (Raden Ngabehi) dipeluk dan dicium ubun-ubunnya.
215.	Adhuh nyawa sokur sĕlamĕta sira, rinĕksa mring Yang Widi, nulya tata lĕnggah lawan Pangran Bĕnawa, mapan rarangkulan sami, samya kangĕnnya, ri wus tata alinggih,	"Aduh, sayangku, syukurlah engkau selamat, dilindungi oleh Tuhan." (Raden Ngabehi) lalu duduk dengan Pangeran Bĕnawa. Mereka saling berpelukan (sebab) sama-sama rindunya. Setelah (mereka) duduk dengan rapi,
216.	Kangjĕng Sultan aris denya tanya, mring Ki Agĕng Seleki,	Sultan Pajang arif di saat bertanya kepada Ki Agĕng Sela,

[63] Rekomendasi: *tĕngĕr*
[64] Rekomendasi: *utusan*
[65] Rekomendasi: *asteki (asta+iki)*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	paran kakang sira, lakonira sun duta, Ki Agĕng lon aturneki, lampah kawula, angsal bĕrkat sing aji,	“Bagaimana kakanda kisahnya ketika saya utus?” Ki Agĕng halus perkataannya, “Perjalanan saya mendapat berkah dari sang raja.”
217.	Arya Jipang sapunika sampun pĕjah, nging lawan patihneki, Mĕntaun namanya, bojonipun satunggal, wĕsta Dewi Larasati, iku ta kakang, sapa lawaning jurit,	Sekarang Arya Jipang sudah tewas, bersama patihnya, Mĕntaun namanya, (dan) seorang istrinya bernama Dewi Larasati. Demikian itu kanda. Siapa lawannya di peperangan?
218.	Arya Jipang pan inggih lawan kawula, Mĕntaun lan Pĕnjawi, Larasati Mapan, pun Ngĕbehi puniki[66], nĕnggih lawaning ngajurit, nata ngandika, balane ana ngĕndi,	Arya Jipang melawan saya, Mĕntaun dengan Pĕnjawi, adapun Larasati dengan Ngabehi, yang melawan di medan perang.” Raja berkata, “Pasukan ada di mana?”
219.	Balanipun wontĕn sawetan bĕngawan, pun Juru kang nadhahi, nanging lĕt bĕngawan, tiyang Tarub lan Sela, punika ingkang nadhahi, sarĕng tumingal, yen Arya Jipang mati,	“Pasukan ada di timur sungai, si Juru yang menghadapi, tapi di antara sungai orang Tarub dan Sela itu yang menghadapi. Ketika melihat bahwa Arya Jipang meninggal,
220.	Lajĕng tĕluk sadaya tiyang bang-wetan, Tohbahu kang pangirid, sagung kang dipatya, punika ingkang tuwa, Kangjĕng Sultan tanya manih, kabehku iya,	lalu semua orang di sisi timur menyerah. Tohbahu yang mempimpin seluruh adipati, karena dia yang tertua. Kanjeng Sultan bertanya lagi, “Seluruhnya itu

[66] *Guru lagu* sebenarnya (a)

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	ing měngko ana ngěndi,	sekarang ada di mana?”
221.	Kyai Agěng mapan aris aturira, těksih ka-(h.187)-ntun neng wingking[67], kados nuntěn prapta, sawěk kula ken samya, nyaeni kunarpaneki, pun Arya Jipang, Sang Nata ngandika ris,	Kyai Ageng berkata pelan, “Masih tertinggal di belakang, sepertinya segera tiba. Baru saja saya perintahkan semua, merawat jasadnya si Arya Jipang.” Sang raja berkata pelan,
222.	Ya wis kakang bangět tarimaning wang[68], nging sira aja mulih, wong Tarub kewala, lan Sela ulihěna, anata wismane reki, kakang prayoga, ya si Jěbeng Ngěbehi,	“Ya sudah kakanda, saya berterima kasih sekali. Namun kau jangan pulang. Orang Tarub saja dan (orang) Sela pulangkanlah, untuk menata rumahnya. Kakanda lebih baik, yaitu si Jěbeng Ngabehi.”
223.	Tan lěnggan nulya luwar Sri Nalendra[69], bubar sagunging nangkil, Ki Agěng winarna, lajěng mring wismanira, kang putra Raden Ngabehi, wong Tarub Sela, wus lajěng kinen mulih,	Tak lama segera keluar sang raja. Seluruh orang yang menghadap telah bubar. Ki Ageng diceritakan, terus ke rumahnya Raden Ngabehi. Orang-orang Tarub (dan) Sela sudah disuruh pulang.
224.	Ki Pěnjawi kělawan Ki Juru ika, kang měksih aněnggani, aneng pěngabean, kawarna Kangjěng Sultan nimbali kyanapatih[70], Mancanegara, prapta paněpen nuli,	Ki Penjawi dan Ki Juru, yang masih menunggu di Ngabean. Diceritakan tentang Kanjeng Sultan memanggil sang patih Mancanegara, segera tiba di sana.

[67] Naskah: *wingki*
[68] Kurang satu suku kata
[69] Kurang satu suku kata
[70] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
225.	Kangjěng Sultan sakondurira sineba, mapan tan manjing puri. sampun pitung dina, neng paněpen kewala, lawa-(h.188)-n datan mijil-mijil, langkung sungkawa, nulya ngandika ris[71],	Kanjeng Sultan seusai dihadap, tidak masuk ke istana. Sudah tujuh hari hanya di tempat bertapa saja, tidak keluar sama sekali karena amat sedih. Lalu berkata dengan pelan,
226.	Kakang Mancaněgara marmane sira, iya ingsun timbali, paran karsanira, prěkara kang ubaya, ingsun wus eling sayěkti, kang pangandika, iya Jěng Sunan Giri,	Kakanda Mancanegara itu sebabnya engkau kupanggil, bagaimana keinginanmu tentang suatu kesanggupan? Aku sudah ingat sesungguhnya yang dikatakan Kanjeng Sunan Giri
227.	Ing Měntaram parentah satanah Jawa, paran genya baleni, dene měngko kakang, wus dadi bayaning wang, dadi cidra yen tan yěkti, lamun yěktiya, paran kakang kang keri,	(bahwa) di Mataram (akan) memerintah seluruh tanah Jawa. Bagaimana mengulanginya, sebab kakanda sekarang sudah menjadi ketakutanku. Menjadi berbohong jika tidak sungguh-sungguh, (namun) jika sungguh-sungguh bagaimana di kelak kemudian, kanda?”
228.	Matur němbah Dipati Mancaněgara, kula měkatěn malih, kělangkung supenya, duk paduka ubaya, ing mangke emut sayěkti, kang pangandika, inggih sinuhun Giri,	Adipati Mancanegara memberi sembah, “Saya seperti itu, sangat lupa perihal kesanggupan paduka. Sekarang benar-benar ingat perkataan Sunan Giri.
229.	Yen marěngi pan inggih atur kawula,	Jika diizinkan, ucap saya

[71] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kějawi denlintoni, sinarah kewala, ing pundi kinarsakna, sěnadyan tikěla kalih,[72] Kangjěng Sultan něbda ris,	hanyalah ditukar. Teruslah saja, di mana yang dikehendaki, meskipun dua kali lipat." Kanjeng Sultan berkata pelan,
230.	Iya kakang ingsun wus mangsa (h.189) bodhowa, anggěr tarima iki, mara adhawuhna, marang ing pengabean, sandika lengser sing ngarsi, rěkyana patya, mring pengabean prapti,	"Baik kanda, aku mengikuti saja, asal hal ini diterima. Segera beritahulah yang ada di *Pengabean*[73]." Menerima lalu pergi dari hadapan sang patih, menuju *Pengabean*,
231.	Mapan nuju Ki Agěng lěnggah pěndhapa, kang munggeng ngarsaneki, Ki Pěnjawi lawan, Kyai Juru punika, katiga Raden Ngabehi, kagyat praptanya, Raden Mancaněgari,	langsung ke tempat Ki Ageng duduk di pendapa. Yang duduk di hadapannya (adalah) Ki Penjawi dan Kyai Juru, yang ketiga yakni Raden Ngabehi, terkejut atas kedatangannya Raden Mancanegari.
232.	Mapan lajěng wau sami jawat asta, ri wusnya tata linggih, Adipati Manca, mapan lajěng ngandika, kakang kawula tinuding, dhatěng sang nata, kinen masrahna ugi,	Kemudian saling berjabat tangan. Sesudah siap di tempat tempat duduk, Adipati Manca kemudian berkata, "Kakanda saya diutus oleh sang raja, diperintahkan menyerahkan juga
233.	Kang ubanggi kang něgarinya[74], Pathi lawan Mantawis, nanging ing Měntaram, karsane Sri Nalendra,	tentang kesanggupan atas negara Pathi dan Mataram, tetapi yang di Mataram, keinginan sang raja,

[72] Kurang satu suku kata
[73] *Pengabean* adalah tempat tinggal para *Ngabehi*
[74] Kurang tiga suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kakang mapan denlintoni, sabab Mĕntaram, kakang nĕgari alit,	akan ditukar, kanda, sebab Mataram, negara yang kecil, kanda.
234.	Kalih dene sapunika mĕksih wana, paduka kinen milih, Nĕgari Tanah Jawa, sĕdaya pilihana, sĕnajan tikĕla akih, Sri Naranata, kakang ma-(h.190)-pan nglilani,	Selain itu, saat ini masih berupa hutan. Paduka diperintahkan memilih Negara Tanah Jawa, semua pilihlah. meskipun berlipat banyak. Sang raja akan mengizinkan, kanda.”
235.	Kyai Agĕng mapan dangu tan ngandika, wusana anĕbda ris, gih adhi matura, dhumatĕng Sri Nalendra, kawula tan sagĕd krami, lan botĕn nĕdya, gadhah wicantĕn kalih,	Kyai Ageng lama tak bersuara, kemudian berkata pelan, “Ya dinda, katakanlah kepada paduka raja, bahwa saya tidak bisa melakukan itu, dan tidak berencana mendua kata.
236.	Mung punika adhi kawula aturna, dhumatĕng Sri Bupati, nulya jawat asta, pamit Dipati Manca, wus katur marang sang aji, lamun mĕngkana, Ki Agĕng aturneki,	Hanya demikian dinda dari saya, katakanlah kepada raja.” Segera berjabat tangan, Adipati Manca pamit. Sudah disampaikan pada sang raja bahwa demikian perkataan Ki Agĕng.
237.	Dadya kendĕl sang nata datan ngandika, wus dangu ngandika ris, yen mĕngkono Manca, padha mĕnĕnga kewala[75] nanging denyitna sireki, wus ta muliha, sandika aturneki,	Sang raja terdiam, tidak berkata apapun. Setelah (cukup) lama, berkata pelan, “Jika demikian Manca, semua diamlah saja, tapi kau berhati-hatilah. Sudah, pulanglah.” menerima perkataan itu.

[75] Lebih satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
238.	Sampun lengser Raden Adipati Manca, saking ngarsa Sang Aji, ěněngna winarna, něnggih Ki Agěng Sela, saundurnya duta aji, kenděl kewala, mapan datan kěna angling,	Telah undur diri Raden Adipati Manca dari hadapan sang raja. Berhenti yang diceritakan tentang Ki Agěng Sela. Sepulangnya utusan raja hanya diam saja, tidak boleh bicara.
239.	Ki Pěnjawi ing ingkang tyas langkung bramatya[76], jaja lir mětu gěni, měngkana aturnya, ye-(h.191)-n marěng ikang karsa, suwawi dipunayoni, ratu kang cidra, Ki Juru anauri,	Ki Penjawi dalam hati sangat marah, dadanya bagai keluar api, demikian katanya, "Jika diizinkan kehendak itu, mari dihadapi, raja yang berbohong." Ki Juru menjawab,
240.	Panwakane[77] Pěnjawi arsa paduka, punika tan prayogi, ngajak ngrusak tata, wěkasane punika, ingkang raharja sayěkti, dadosnya sama, wěkas cidra pribadi,	"Sikap Penjawi di hadapan paduka itu tidak baik, mengajak merusak aturan. Sesudah hal tersebut, yang sungguh-sungguh selamat menjadi sama, akhirnya ingkar sendiri."
241.	Kyai Agěng mapan aris angandika, wus aja na pinikir, pancobaning Sukma, ingsun mapan kinarya, lělakon marang Yang Widi, heh Juru sira, kělawan si Pěnjawi,	Kyai Ageng berkata pelan, "Sudah jangan dipikirkan, ini cobaan Tuhan. Aku dibuat (menjadi) lakon terhadap Yang Mahakuasa. Hai Juru, engkau dan si Penjawi,
242.	Ingsun titip anakira karo padha, ěmongěn si Ngěbehi, iku poma-poma,	aku titip anakmu dan juga urusilah si Ngabehi. Itu benar-benar

[76] Rekomendasi: *bramantya*; Lebih satu suku kata
[77] Rekomendasi: *pawakane*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	aja na walangdriya, sireku marang ing mami, pan ingsun arsa, kumambang mring Yang Widi,	jangan ada kekhawatiran engkau terhadapku. Ketika aku ingin menyanyikan *Kumambang*[78] pada Yang Mahakuasa.

[78] Penanda pergantian *tembang Maskumambang.*